ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№17 (24.143) ● 2021 гъэм мазаем (февралым) и 16. гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ хэкІыпІэхэр щызэпкърах

КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ теухуа Іуэхухэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къудзэ **Говоров Сергей**, КъБР-м экономикэ зыужьынырэмкІэ и министр **Рахаев Борис**, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн** сымэ. ЗэІуцІэм къыщапщытэжащ 2020 гъэм кърикІуахэр икІи дызыхьха илъэсым къапэщытхэр щаубзыхуащ.

ЗэІуцІэр къыщызэІуихым КІуэкІуэ Казбек жиІащ: «Экономикэм дежкІэ гугъуу щыта блэкІа илъэсым Къэбардей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іэнатіэр зэдзууэ лажьащ икІи екъуІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьащ. МэкъумэшыщІэхэм я фІыщІэ куэд хэлъщ республикэм и экономикэр пандемием и зэманым зэремыхузахам».

Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрым жиІащ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щылажьэ Іуэхущапіэ псоми зэхэту 2020 гъэм продукцыу сом мелард 61,4-рэ уасэ къызэралъэкьар, ар 2019 гъэм ягъэзэжкІам нэхърэ проценти 10-кІэ нэхъыбэщ. Республикэр зэи къемыхъулІа бжыгъэхэм нэсащ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэхэкІыу, гъавэу кърихьэлІамкІэ.

«Къэкіыгъэхэм псы ирикъуу щІэгъэхьэным зэрегугъуарщ мэкъумэшхэкІ бэ къахуэкІыным лъабжьэ хуэхъуар», - къыхиГъэщащ Сыжажэм. Къапщтэмэ, гъавэхэкІрэ джэшхэкІыу тонн мелуан 1,2-рэ кьрахьэлІащ, ар 2019 гъэм къайхъулІам нэхърэ проценти 5-кІэ нэхъыбэщ, сэхуран дагъэу тонн мин 29,8-рэ щІахуащ - илъэс блэкІам епльытмэ, процент 4,2-кІэ нэхъыбэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэхэкІыу - тонн мин 517,3-рэ, 2019 гъэм нэхърэ процент 48-кІэ нэхъыбэ, Іуахьжащ.

Гъавэрэ джэшхэкІыу зы гектарым центнер 56,7-рэ кьрагъэтащ, ар 2019 гъэм щыІа бжыгъэм проценти 103,5-кІэ хуокІуэ; сэхуранр гектарым центнер 20,9-рэ кьытрахащ е илъэс кІуам и процент 113,6-рэ хъуэ; пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэхэкІыу гектарым центнер 331,1-рэ кьахутехащ, 2019 гъэм и процент 132,8-рэ.

Къэкіыгъэхэм псы щІэгъэлъэдэныр ирагъэкІуэкІ «Мэкъумэш Іэнатіэм и продукцэр хамэ къэралхэм щыщэныр» щІыналъэ проектымрэ «Урысейм и мелиорацІэ комплексым зегъэужьыныр» программэмрэ хихьхьу. Зи гугъу тщІа программэхэр ягъэзащІэкІэрэ, псы зыужьыныгъэ щІыхэм къыхагъэхуащ гектар мини 7,9-рэ, ар процент 22,2-кІэ нэхъыбэщ ІІа къаленхэм нэхърэ.

Пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракІуэхэкІэмрэ я бэвагъымкІэ республикэм бжьыпэр щаубыдащ Лэскэн, Бахъсэн, Аруан муниципальнэ щІыналъэхэм, зы гектарым икУ иту центнер 400-м къыщыщІэдзауэ 700-м нэс къытезыхаХэм.

2020 гъэм республикэм гектар 1380-м щыхасащ илъэс куэдкІэ къызыпыкІэ, пасэуи фейдэ къэзыт жыг лІэужьыгъуэхэр, апхуэдэхэри гектари 10-кІэ нэхъыбэщ яубзыхуэу щытам нэхърэ. Мыіэрысей, кхъужьей, шэфталей пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм нэмыщІ, республикэм щыхасэу хуежьащ илъэс куэдкІэ къызыпыкІэ мэракІуэй лІэужьыгъуэхэри - мамкъутейр, шыгулъдыкъащхъуэр. Шыгулъдыкъащхьуэр илъэс кІуам хасащ гектар 56,5-м.

Пхъэщхьэмыщхьэхэр тэмэму щылъынкІ къызэрагъэпэщ иджыпкІ хьумапІэхэм. 2020 гъэм и кІэм ирихьэлІэу пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэхэкІымрэ я хьумапІэу яІэм щІэхуэр тонн мин 225,4-м нэсащ, абыхъэм ящыщу тонн мини 150,4-р пхъэщхьэмыщхьэхэм папщІэ ящІауэ. 2020 гъэм пащащ мэкъумэш техникэр къэгъэщІэрэщІэжыным хуэунэтІа лажьыгъэмэ. Республикэм мэкъумэшхэкІым елэжь и Іуэхущапіэхэм къащахуащ къагъэсэбэп техникэ зэмылІэужьыгъуэу 183-рэ.

2020 гъэм Іуэхущапіэ псоми зэхэту былымыпрэ джаджэзыпу тонн мини 119,6-рэ кьаалэжьащ, ар процентти 6,7-кІэ нэхъыбэщ 2019 гъэм зыхунэсам нэхърэ. Процентти 4,5-кІэ нэхъыбэ хьуащ шэуэ къашыр, джэдыкІэу илъэс кІуам кърахам процентищкІэ щІыграгъэуащ. 2019 гъэм яхуэзэфІэкІам епльытмэ, жэмхэр нэхъ гъэшыфІэ хьуащ. Абыхъэм шэуэ къатым процент 12,6-кІэ хагъэхъуащ икІи дэтхэнэми хуэзэу илъэсым килограмм 6334-рэ кьыщІашащ.

Іэщ гъэхъун Іэнатіэм зиужьыным хуэщхьэпащ мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я щхьэ бжьгъэм кьыхэгъэзыжьыным, апхуэдэуи Іэщ лъэпкъыфІ гъэхъуным, жэм гъэшыфІэхэр нэхъыбэ щыным, былымыл къэлажьным къэрал дэІепыкъуныгъэ зэригъэтар. Псори зэхэту а къаленхэр гъэзэщІэным хуаутІыпщащ сом мелуан 362,4-рэ.

А унэтІныгъэм теухуа Іуэхухэм щытепсэлъыхьым КІуэкІуэ Казбек къалэн нэхъыщхьэу къыгъэуващ лы нэхъыбэ зытелъхьэ Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэхъуныр. Абы кьыхигъэщащ Іэнатіэм нэхъ псынщІэу зиужьын икІи екъуІэныгъэ нэрылъагъухэр иІэн папщІэ Іэщ лъэпкъхэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

Министрым и отчётым кьыхэщащ ерыскьыпхъэ къыщІэзыгъэкІ промышленностми хэхъуэ хьарзынэхэр зэриІэр. Къапщтэмэ, 2019 гъэм елъытауэ хэхъуащ Іэфы-кІэу къыщІагъэкІым (процентти 7,1-кІэ), лымрэ лыхэкІэмрэ (процент 1,6-кІэ), нэкулъэкІэхэм (процент 26,1-кІэ), кхъуейлъэлъэм къыхащІыкІ гъэшхэкІхэм (процентти 9,1-кІэ), сэхуран дагъэм (процент 20,3-кІэ), Іусепхъэхэм (процент 18,6-кІэ), этил спиртым (процент 46,7-кІэ), пхъэщхьэмыщхьэм къыхащІыкІ шагъырым (процент 11,1-кІэ), шагъырхэкІхэм (процент 54-кІэ).

Мэкъумэш промышленнэ комплексым хамэ къэралхэм ядищІ сатумкІэ къыпэщыта къаленхэмэи щІригъэгъуащ 2020 гъэм. Къэрал таможненэ къулыкъущІапІэм къызэритамкІэ, 2020 гъэм Къэбардей-Балъкъэр Республикэм ирашащ мэкъумэш комплексым и продукцэу США-м и доллар мелуан 22-рэ и уасэ, ар я мурадам процентти 113-кІэ хуокІуэ (псори зэхэту доллар мелуан 19,5-рэ хуэдиз и уасэт яхуэзэфІэкІыну зытрахуар).

Республикэм и Іэтащхьэм къигъэлъэгъуащ къэкІыгъэхэр гъэкІыным екъэлІа Іуэхум жызымым гулъытэ хэха щыхуэщІын зэрыхуейр, абыкІэ нэхъапэм яІа екъуІэныгъэхэм нэсын, щІрагъэгъуфын хуэдэу. «Къэралым и политикэм апхуэдэ Іэмал къыдет нобэ икІи Къэбардей-Балъкъэрым и щІыналъэм абы и лъэныкъуэкІи зебгъэужьыфынущ. Жызымейхэр щыхасэну щІыпІэхэр гъэбелджылын хуейщ», - жиІащ абы икІи Правительствэм пщэрыльэ щищІащ а Іуэхум елэжьыну.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм кьыхихри, 2020 гъэм республикэм инвестицІэ проект 20-м щелэжьащ, ахэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдам щыщ Іыхьэхэр ирапшыныжьну къэрал субсидиехэри кьыхуаутІыпщащ. Къэрал дэІепыкъуныгъэр сом мелуан 465,6-рэ хъуащ.

Инвестицэхэм я гугъу щищІым, Сыжажэ Хьэсэн жиІащ 2020 гъэм мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьынымкІ хуэунэтІа къэрал программэм хьыхьу къэрал дэІепхъуныгъэр мыпхуэдэ унэтІныныгъэхэм къаэрыдэрыхьар - «Мэкъумэшстартап»-м хэт Іуэхущапіэ 36-м, «Лэжьыгъэ щІэзыдзагъащІэ фермер» - 22-м, «Унагъуэ фермэ» - 14-м, «Мэкъумэш потребительскэ кооперативхэм я материально-техникэ лъабжьэм зегъэужьынырэ» - тІум. ХьэрычэтыщІэ Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьынымкІ дэІепыкъуныгъэу иратар псори зэхэту сом мелуани 138,8-рэ мэхъу.

2020 гъэм лэжьэн щІидзащ «Куажэ щІыпІэхэм зэдзууэ зегъэужьныр» къэрал программэмэ. Абы ипкъ иткІэ псы зэрыкІуэ бжьамийуэ километр 14,3-рэ далъхьащ Къулъкъужьи Ипщэ, Псынщокъуэ, Аруан, Шэджэм Ищхьэрэ, Дзэлыкъуэдэс къуажэхэм, Солдатскэ станицэм. Зеикъуэ къуажэм километри 8,845-рэ зи кІыхьагъ газ кІуапІэ бжьамий щаукъуэдящ. Май кьалэм кьепха жьлэхэм канализацэ ухуэныгъэхэр щызэфІэкІащ. А лэжьыгъэхэм хухаха къэрал дэІепыкъуныгъэр сом мелуан 250-рэ хуэдиз мэхъу.

Республикэм и мэкъумэш комплексым къэрал дэІепыкъуныгъэу 2020 гъэм игуэтар псори зэхэту сом меларди 2,7-рэ мэхъу, ар процент 49-кІэ нэхъыбэщ 2019 гъэм зэрыщытам нэхърэ. Дызэрыт илъэсым республикэм и Правительствэмрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ зэгурыІуэныгъэй зэращІылащ субсидиеу сом меларди 2,2-рэ кьыхуаутІыпщыным теухуауэ.

Дызэрыт илъэсым кьапэщыт кьалэнхэм я гугъу щащІым, министрым жиІащ псы зыщІагъэхьэ мэкъумэшщІалэхэм гектар мини 8,539-рэ кьыхасгъэхъуэну зэрамурадыр. МэкъумэшхэкІ кьалэжьыным епха Іуэхущапіэ псоми зэхэту былымылрэ джадкъэзылу тонн мини 120-рэ, шэуэ тонн мин 540-рэ, джэдыкІэу мелуан 240-рэ кьалэжьыну гугъэ зэраІэр.

2021 гъэм «Куажэ щІыпІэхэм зэдзууэ зегъэужьынымкІ программэм хьыхьэ лэжьыгъэхэр щагъэзэщІэн хуейщ Пролетарскэ къуажэм (еджапІэм и унэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжьыныр, уэрамхэр къэгъэнэхуныр, псы къыщІэшыпІэщІэ щыІыр), Солдатскэ станицэм (псы къыщІэшыпІэ щыщІыныр, зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм нэмыса щыкІуи 140-м ятещІыхьа Іуэхущапіэ ухуэныр); Къэщакъэтау къуажэм (курыт еджапІэмрэ щІынальэм Щэнхабзэмкіэ и унэмрэ къызыхуэнащІэу зэгъэпэщыжьныр, Щэнхабзэмкіэ и унэм автобуситі къыхуэщхуныр). А лэжьыгъэхэм дызэрыт илъэсым трагъэкІуэдзэну я гугъэщ сом мелуани 183,5-рэ.

Сыжажэ Хьэсэн кьыхигъащІащ, щыІэ хэкІыпІэхэр, хабзэ яхуэхъуэ лэжьэкІэр кьэпльытэмэ, Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм адэкІи тэмэму зиужьыну къэплъытэ зэрыхъунур, абы и Іэжьыгъэр щІыхуэкІэ ерыскьыпхъэкІэ ирикъуу къыхэгъэщынным, кхуажэдэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным зэрыхуэунэтІар.

ЗэІуцІэм щызэпкърахащ Іэнатіэм зегъэужьыным хуэунэтІа зи чэзу лэжьыгъэхэр. Мусуков Алий жиІащ мэкъумэшхэкІыу кьалэжьым илъэс къэс процентипщІ нэхъ мынэхъ мащІэкІэ хэхъуэрэ екІуэкІын зэрыхуейр, абы Іэмал къытынщ 2024 гъэм ирихьэлІэу зрагъэхъуІэну яубзыхуахэм нэсыну. Премьер-министрым къыхэриІытэмкІэ, инвестицэ проект инхэр гъэзэщІэным адэжь пыщІэн, щІынаплъэ валовэ продуктым адэкІи зэгъэхъуэным хуэщхьэпэну хэкІыпІэхэр къэгъуэтын, абы папщІи мелиорацэмрэ лэжьыгъэр щІэзыгъэхуабжьэ технологиещІэхэмрэ къэгъэсэбэпын хуейщ.

Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм нобэ кьыпэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу КІуэкІуэ Казбек къиГъэлъэгъуащ къэрыч чтыщІэ Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ щыІэныгъэхэм дэІепыкъуныгъэ ягъуэтынщ. «МэкъумэшхэкІэр къыщІэзыгъэкІэм ягъуэт къэрал дэІепыкъуныгъэр ягъэмэщІэныр къэбгъэхъу хъунукъым, - къыхигъэщащ Іэтащхьэм. - Гулъытэ хэха хуэщІыпхъэщ уней Іуэхущапіэхэм зегъэужьыным. Ар икъукІэ ІэмалыфІщ кьуажэдэсхэм защІэгъэкъуэн и лъэныкъуэкІэ». Республикэм и Іэтащхьэм абдежым гулъытэ щыхуищІащ мэкъумэш Іэнатіэм лэжьэн щыщІэздзэкІэ мылъкр зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпыным зэрыхуеГъэджэкІэхэм. Министрым жиІащ хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ хэтхэм грант Іэмалхэмкіэ ядэІепыкъуным кооперацэм зегъэужьыным хьыхьу, апхуэдэуи Лэжьыгъэмкіэ министерствэм пыщІауэ зэрелэжьыр.

«Дэ щІыуэ куэд диІэкъым, абы кьыхэкІыуи ар нэхъ зэгъэзэхуауэ, фейдэ кьиту куэдгъэсэбэпыпхъэщ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэр щызэхуищІыжьым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ шыгъэжапІэм и Іуэху зыІутым щыгъуазэ зещІ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек тхьэмахуэ махуэ кІуам Налшык къалэм и ипподромым щыІащ.

«ШЫГЪЭЖАПІЭМ и унафэщІэмрэ шы гъэхъуным елэжьхэмрэ ящІыгъуу дытепсэлъыхьащ Къэбардей-Балъкъэрым шы спортым, шы гъэхъун Іэнатіэм зыщегъэужьынымкІэ щыІэ Іэмалхэм, апхуэдэуи ипподромыр нэхъыфІу лэжьэным, шыгъажэхэр кьызэгъэпэщыным екъэлІа Іуэхухэм.

Шы гъэхъуныр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэухэм я лъэпкъ щэнхабзэм щыщ Іыхьэу къадокІуэкІ, абы кьыхэкІыу Кавказым и мызакъуэу къэрал псом ильэс куэд ипэкІэ цІырыІуэ щыхъуа Налшык ипподромым зригъэхъулІахэр, и хабзэфІхэр Іэмал имыІэу хьумэн хуейщ.

Шы зыгъэхъухэм я лІыкІуэхэм ящІыгъуу и гугъу тщІащ Іэнатіэм зыщыІууэ лъэпощхьэпохэмэ. Къапщтэмэ, комплексым и инфраструктурэр, абы щхьэ зытелъ манежри хэту, зыхуей хуэгъэзэным дытепсэлъыхьащ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэху щыгъажэхэр къызэгъэпэщыныр, щІынальэ, урысейпсо зэхьэзэхуэкъэр зэрырагъэкІуэкІ мардэхэм тету ахэр нэхъыбэ щІыныр», - щетх КъБР-м и Іэтащхьэм инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым.

ДЖАТЭ Къантемыр.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 16, *гъубж*

♦**Литвам щагъэлъэпІэ Урысеймрэ Германиемрэ я унафэм къыщІэкІыу я къэралыгъуэр щызэфІагъэувэжа (1918 гъ.) махуэр**

♦**1571 гъэм** Грозный Иван Іэ тридзащ «Плъырхэм, гъунапкъэхъумэ Іэнатіэхэм я Іуэхукіэ» унафэм. Араущ Урысейм и дзэм теуха япэ хабзэу кьалъытэр.

♦**1722 гъэм** Пётр Езанэм кьыдигъэкІащ «Пащтыхьыгъэр зыІыгъыным теухуауэ» унафэр. Пащтыхьыр текІа нэужь абы и пІэ и къуэ нэхъыжьыр иувэу зэрыщыта хабзэр икъутэжащ а унафэм. Иджы къэрал унафэр зыІэщІэпльынур зыгъэувыпщ пащтыхьыр.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Харьков кьалэр хуит кьащІыжащ.

♦**1946 гъэм** ООН-м Экономикэ, социальнэ Іуэхухэмкіэ и советым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащІ Щыхуэм и хуитыныгъэхэмкІэ комиссэ.

♦**1957 гъэм** СССР-м къыщащтащ «Псым итхьэлэкъэ къызэрыригъэлам папщІэ» медалыр

♦**1976 гъэм** СССР-м и Камскэ автомобиль заводым КамАЗ автомобиль лІэужьыгъуэщІэр кьыщыщІэгъэкІащ.

♦Совет дзэ кьулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал **Тухачевский Михаил** къыщІэзраГъуэрэ ильэси 128-рэ ирокъу. 1937 гъэм, пщІы тралъхьэри, яуКІауэ щытащ ар.

♦Урысей шахматистэ, цІыхубзхэм я дунейпсо зэпеуэм япэу чемпион щыхъуа **Менчик Верэ** къыззраГъхурэ ильэси 115-рэ ирокъу.

♦Корэе Цыхубз-Демократие Республикэм и унафэщІу (1994 - 2011 гъэхэм) щыта **Ким Чен Ир** къыззраГъхурэ ильэс 80 ирокъу.

♦Кубаным Лэжьыгъэмкіэ и Лыхъужь, Краснодар крайм и губернатору, УФ-м и Федеральнэ Зэхэсым и сенатору, Къэрал Думэм и депутату щыта **Кондратенкэ Николай** къыззраГъхурэ ильэс 81-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, ЩІДАА-м и член-корреспондент, жылагъуэ лэжьакІуэ **Болэ Ильзитэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Америкэм щыщ теннисист, Шлемышхуэр къэхьным папщІэ екІуэкІ зэхьэзэхуэхэм 17-рэ щытекІуэ **Макинрой Джон** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс кІыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 8 - 7 щыхъунущ.

Мазаем и 17, *бэрэжьей*

♦**ГумащІагъэр къэгъэлъэгъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей студент гупхэм я махуэщ.** УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иткІэ ар 2016 гъэм къыщыщІэдзауэ щагъэлъэпІэ ди къэралым.

♦**Косовэ Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 2008 гъэм Косовэ и парламентым унафэ кьищтащ къэрал щхьэхуэ зэрыхъум, ахэр Сербием кьызэрыгъэкІым теухуауэ.

♦**1600 гъэм** Рим кьалэм щагъэсащ Италием щыщ дин лэжьакІуэ, философ, усакІуэ Брунэ Джорданэ (и цІэ дыдэр Филиппщ).

♦**1852 гъэм** Эрмитажым, пащтыхь гуащэ Екатеринэ Етіуанэм зэхуихьэса сурэтхэр щахъумэ Іуэхущапіэу 1764 гъэм кьызэрагъэпэщауэ щытам, и бжэхэр абы зыщыщызыпІтыхьыну хуейхэм кьахуэзэІуихащ.

♦**1863 гъэм** Дунейпсо Жор Плъыжьыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1880 гъэм** урыс пащтыхь Алекэандр Етіуанэр нукІыну етхуанэу теуащ, ауэ лагъымыр нэхъ пасэу къыщІэуэри, пащтыхьмэ абы и унагъуэми зэран яхуэхъуакъым.

♦**1935 гъэм** СССР и цІыхубз комиссархэм я Советымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ «Москва Союзэпсо мэкъумэш выставкэ кьыщыщызэгъэпэщыным теухуауэ» унафэр къащтащ.

♦**1947 гъэм** «Америкэм и макъ» радиостанцыем и нэтынхэр Совет Союзми кьыщыубыду щІидзащ.

♦**1993 гъэм** Урысейм кьыщызэрагъэпэщащ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэр.

♦**2008 гъэм** Косовэ Республикэм и парламентым унафэ кьищтащ Сербием кьызэрыгъэкІым теухуауэ.

♦Урыс тхакІуэ, сабийхэм яхуэтхэ усакІуэ цІэрыІуэ, Сталиным, Лениным я щыхькІэ ягъуэвауэ щыта саугъэтхэр зрата **Барто Агние** кьызэралъхурэ ильэси 115-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Къумахуэ Башир** кьызэралъхурэ ильэс 98-рэ ирокъу.

♦ТІасхъэщІэх, Советыдзэ и Союзым и Лыхъужь **Вартанян Геворк** кьызэралъхурэ ильэс 97-рэ ирокъу. Ар зи пашэ гупырщ Сталиным, Черчилль, Рузвельт сымэ Тегеран 1943 гъэм щрагъэкІуэкІа зэІущІэр къызэпаудыну хущІэкъуэ нэмыщІ тІасхъэщІэх гуп хэхахэм япэщІэтар, къэрал ПІщІэхъэхэм я щынагъуэншагъэр къызэзэгъэпэщар.

♦Уэрэджыдакіуэ, усакІуэ, композитор, УФ-м щыхьэ зиІэ и артист **Малежик Вячеслав** и ныбжьыр ильэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхьэ зиІэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Хьэгъундокъуэ Сэлисэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэс кІыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 8 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзыр
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Шэджэм щІыналъэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щэбэт кІуам лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Шэджэм щІыналъэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщым щІыгъуаз Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ админитрацэм и Іэтащхьэ **Борсэ Юрий**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**, КъБР-м спортымкІэ и министр **Хьэсанэ Ислъам**, ухуакІуэ Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэр.

КІуэкІуэ Казбек щыІащ «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» къэрал проектым хэхъэу 2020 гъэм ЩхьэлыкъуэкІ къуажэм щаухуа универсальнэ спорт залым. Проектыр гъэзэщІэным хуаутІыпщауэ щытащ сом мелуан 48,5-рэ. Залым щІэльэ баскетболым, волейболым, футбол цІыкІум зэрызыкъагъасэ Іэмэпсымэхэр, тренажер пэшрэ фитнес-центрри хэтщ. Спортзалым зыгъэпскІыпІэ, гъэсакІуэхэм, медицинэ лажьакІуэхэм я пэшхэр, массаж щащІ щыІнІэ хэтщ. Ухуэныгъэр спортым дихьэх дэтхэнэри, абыхъэм зи уэныщагъэмкІэ дагъуэ зиІэхэри яхэту, зыхуеину псомкІи кьызэгъэпэщащ.

ЩІыналъэм и Іэтащхьэм щыгъуаз зиІащ мыбы зэрызыщагъасэ щыкІэм, спортсмен ныбжьыщІэхэм яІущІам икІи епсэлъапІэ, къэпльыпІ. ежьуІэныгъэ лъагэхэр зыІэрагъэхьэныр ехуэхъуащ. ГъэсакІуэхэр КІуэкІуэ Казбек дагъэщащ я мурадхэмкІэ, щхьэлыкъуэдэсхэр нэхъыфІхэм хабжэу кьызэрекІуэкІыр, спорт и лъэныкъуэкІэ я ехьэлІэныгъэхэм я щыхьэту кубок 34-рэ зэраІэри жаІащ.

КІуэкІуэ Казбек апхуэдэуи щыІащ цІыкІуи 140-м ятещІыхьауэ Щхьэлыкъуэ кьуажэм щаухуа сабий садми. Ар «Демографие» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, цІыхубзхэм Іэнатіэ яІэнымкІэ защІэгъэкъуэным хуэунэтІа программэм хьыхьу яухуащ - илъэсиищ иримыкъуахэм щадзлэжьэным хуэщІащ Іуэхущапіэр. Сом мелуаниищэм щІигъу зыхухаха а уухуэныгъэр унитхуу зэхэтщ. Абыхъэм хэтщ цІыху тІощІ-тІощІ хъууэ гупибл зыщІэхуэну Іыхьэхэр (сабийхэм щадзлажьэ пэшышхуэр, щыжей, зытІэщІыпІэ-зыхуэпапІэ, хьэпшып гъэгъуащІпІэхэр, шхынхэр щызэрахьэ, кьабзагъэм щыкІэлъыпІпІ пэшхэр хэтщ дэтхэнэми). Кьымыдакіэ, медицинэ, процедурнэ кабинетхэр, щыкьыщІэ, ету щытрадзэ щІыпІэхэр яІэщ, макъамэм щыхурагъаджэ, сабийхэм я Іэпкъльэпкъым зыщрагъэуку-гъуай, пщэфІапІэ, кьуэдзэщ хуэдэхэмкІэ кьызэгъэпэщащ. Сабий садым езым иІэжщ унэр зэрагъэпльэ хьэкуэхэр, трансформатор подстанц, дизель-генератор хуэдэхэр. Зэман гъунэгъум сабий садым екІуалІэу щІадзэнущ сабийхэр.

КІуэкІуэ Казбек уухуакІуэхэр хьарзынэу зэрылэжьар, и теплъэкІи садыр зэрыдахэр, дэбгъуэн зэрыщымыІэр кьыхигъэщащ, щІэблэм щадэлажьэ Іуэхущапіэ псори екІуу, сабийхэр зыгъэгуфІэу щытын зэрыхуейри дыдэІитІуащ.

ЕныкъуэйкІ кьуажэм щыкІуам Іэтащхьэм зыщІилъыхьащ фІэкъукІуэрэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым. Ар 2018 гъэм кьуажэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ухуэн щІадзауэ щытащ псапащІэ Іуэхущапіэхэм ар яхэгъэхьэныжьыкІэ. 2019 гъэм республикэр а проектыр гъэзэщІэным хьыхьащ: кьэрал-уней зэдзлэжьэныгъэм ипкъ иткІэ уухуэныгъэм хухахауэ щытащ республикэ, муниципальнэ бюджетхэм щыщ мылъку. Дызэрыт илъэсым республикэ бюджетым щыщ мылъкykІэ уухуэныгъэр яухыну я мурадщ.

КІуэкІуэ Казбек апхуэдэу щыІащ Совет Союзым и ЛІыхъужь Байсултанов Алим и унэ-музейуэ а къуажэм дэтым. Республикэм и Іэтащхьэм удз гъэгъахэр игъэтІыпІащ ЛІыхъужьым и бюстым деж, мыхьэ зыщІилъхьауэ. Абы кьхъуІьатэзехуэ-истребитель хахуэм и гъащІэм теухуа дэфтэр уасэншэхэр щызэхуэсащ. ТекІуэныгъэ Иныр ильэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу 2020 гъэм зэфІагъэкІыну ябзыхуауэ щыта Іуэхухэм, кьхьэу зыщІилъхьауэ. Абы щыжауэ щытащ.

КІуэкІуэ Казбекрэ ЛІыхъужь хахуэм и кІуэшым и къуэ Байсултанов Руслан Іэтащхьэм щыщ зэрыгъэ адэкІи гъэлэжьэным екъэлІа Іуэхухэм, щэнхабзэм республикэ мыкъэнэ зиІэ и Іуэхущапіэхэм ар яхэгъэхьэныкІэ щыІэ Іэмалхэм. «Ар щІыхь зиІэ цІыкІуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжу щытащ, щІэблэм я дежкІэ щапхъэ нэсщ. Апхуэдэхэм я фэеплъыр хьумэн, гъэлъэпІэн хуейщ», - кьыхигъэщащ республикэм и Унафэщым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бжэныр ефэри, дыгъужьым езэуэну кІуащ.

Щlалэгъуалэ палатэм и еханэ зэхуэсым и лэжьыгъэр къапщытэж

● Зэlущlэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щекlуэкlащ Щlалэгъуалэ палатэм и 6-нэ зэхуэсыр зэрилажьэ пlалъэм къриубыдэу зэфlагъэкlахэмрэ зыхунэмысахэмрэ къыщапщытэж, бжьыпэр къыкlэлъыкlуэ зэхуэсым щратыж иужьрей зэlущlэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ зэlущlэр къыщызэлуихым, Щlалэгъуалэ палатэм иlэ хъуа жылагъуэ мыхьэнэм кlуэ пэтми зэрызиубгъумкlэ, иригъэкlуэкl лэжьыгъэми щlэупщlэрэ гулъытэу игъуэтым зэрыхъхъуэмкlэ и псалъэр къыщlидзащ.

«Фи яп э итахэм къыхалъхьауэ щыта гупыж дахэхэм пыфщэн фхузэфlэкlащ, гъунэ зралъэу намыгъэсыфа Іэхугъуэ куэд вгъэкlуэтэфащ. Щlалэгъуалэ палатэм зэхуэсыгъуэу иІам кьызэдащта хабзэщ зым къыщlидзэр адрейм адэкlэ нигъэсыну, ар къызэпывдакъым, уеблэмэ лъэныкъуэ куэдкlэ къыззрыкlыу сыт хуэдэ Іэхуэгъэрэ зэфlэфхын фльэкlащ. Щlалэгъуалэ палатэр къэрал Іэнатlэм и зы къудамэ нэс хъун лъэкlащ, ауэ щыхъуркlи а льагапlэм удэкlыфынри къызэрымыкlуэу гугъут, фызыхьубыдари лъэхъэнэ зэблэкlыгъуэт, тынштэкъым», - жиlащ Егоровэм.

Абы къищынэмыщlауэ, Егоровэм къыхигъэщащ Щlалэгъуалэ палатэм и 6-нэ зэхуэсым хэта ныбжьыщlэхэм уадэлжьэну гъэщlэгъуэну зэрыщытар. Гукъинэж щlхъуэхэм я гугъу щищlым, унафэщlым жиlащ «Си хабзэубзыху жэрдэмыр» зи фlэщыгъэ зэхъэзэхуэр иджы хуэдэу купщlафlэ, гупсысэ зэхуэмыдэхэмкlи хьэлъафlэ щыхъуа зэи къызэрыхэмыкlар. Щlалэгъуалэ палатэм щыщу а зэныкъуэкъум зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм къыхалъхьахэр щыхур зыгъэпlейтей экономикэ, жылагъуэполитикэ, щэнхабзэ Іуэхугъуэхэм хэль зэlумыбзэхэр къызыхэкlыр зыгъэнахуэ, ахэр зэрызэблэгбгъэкl хъуну Іэмалхэр утыку къизыlэтыхэ лэжьыгъэу зэрыщытам шэщlауэ и гугъу ищlащ.

«Хабзэр убзыхуныр, абы щыщlагъэ иІэхэр къызэнэкlыныр, нахуэу, гуитlщъитlагъ, зэlумыбз къыхэмыкlыу зэхэлъхьэныр Парламентым и пщэрылъ нэхъыщхьэщ. Абы и лъэныкъуэкlэ уеплъмэ, зэпеуэм къыхэкlауэ щыта къэхутэныгъэхэр парламент сыхьэт зэlухахэм къыхэплъхьэу уриплъэ хъуну лэжьыгъэфl хъуат. Итэжьыплэкlэ жьыпlэмэ, апхуэдэхэри къыхэкlащ. Арыхэхэуи, уззрыгушхэ хъун фкъуэлъщ, уригушхуэни хуейщ», - тригъэчынывхьащ Егоровэм.

Зэкъуэту, гупсысэкlэ зэтемыхуэми, акъылыр щызэлъэlэсщ щыпlэхэр я тегъэщlапlэу лэжьэн зэрыхуейми тепсэлъыхьащ Парламентым и Унафэщlыр. «Фызэкъуэувэн, зыр зым и дамэгъуэу фылэжьэн флъэкlащ. - къыхитъэщащ Егоровэм. - Іэмал имыІэу щыткъым псомкlи уззгурыІуэу щытыныр. Гупсысэрэ псалъэу цIыхум къыхилъхьэр псори зэщхьу щытамэ, щlэщыгъуэ гъэщlэгъуэни щыІэнтэкъым. Ауэ зым жиІэм адрейр едаIуэу, гъащlэмрэ щытыкlэмрэ къезэгъ Іэмалынщэр къыхэфхыу фылэжьащ. Армырамэ волонтёр лэжьыгъэу вгъэхъеям и зы щани фхуэзфlэкlынтэкъым, хабзэгъбзыку жэрдэму къыхэфлъхьам щыщи фхуэгъэкlуэнтэкъым. Гуращэ нэхъ дахэр пщыми, цIыхум уащыхьхьэкlэ, уззакъылэгъуу, зым зыр и щlэгъэкъуэну уззрыщытыр къыбдамылъагъумэ, дзыхь къыуагъэзынукъым, яхуэпщlэну узыкуэпри зыхыуагъэщlэнкlэ фlэщ щыгъуейщ. А волонтёр Іуэхур езыр къапщтэмэ, пагэнагъэ гуэри хэзагъэркъым, арынщауэ цIыхум и гукъеуэхэр, и гурыгъуэхр пхуэзэщlыкlынукъым. Фи гупытэрэ фи щабагъкlэ куэдым щlэгъэкъуэн фахуэхъуащ, арыхэхэри щlалэгъуалэ палатэм и пщlэр ину фlэтащ. Мыбдеж щывлэжьамрэ щызэвгъэгъуэта Іэпэlэсэныгъэмрэ зыщlыпlи кlуэнукъым, ар гъащlэми къызэрыщlафхуэщхьэпэжьнум щы текlутауэ ар зэтегъэтlысхьэныр, псы щlэжьпlэхэр хуэщlыныр, асфальт тельхьэныр, и Іуфэжэр зыхуей хуэгъэзэныр.

Гъэзыгъ къызэпхуэтыншэу зэрагъэпэщыжьнущ «Шынагъэншэ икlи фlагъ льагъэ зиlэ автомобиль гъэузгухэр» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуахэм тету. Лэжьыгъэ псори мы ильэсым къриубыдэу яухыну я мурадщ.

ДЖАТЭ Къаншауэ.

Дау Хъусен и Іулыдж лъагэр

● Фэеплъ

Ильэс блэкlам и кlэухым хэщlыныгъэшхэр ягъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнныгъэмрэ спортымрэ. И ныбжьыр ильэс 85-м иту дунейм ехыжащ бжьы дзыныкlэ 1961 гъэм дунейпсо рекорд зыгъэува, ди республикэм щыщу атлетикэ псынщlэмкlэ апэу спортым и мастер хъуа, КъБКъУ-м спорт дисциплинэмкlэ и кафедрэм и доцент, тренер Іэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Дау Хъусен.

ДЗЭЛЫКЪУЭ щыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм ар къыщалъхуат. И ныбжьым хиубыда дзэтхэнэми хуэдэу, абы и сабитгъуэм игъэващ Хэку зауэшхуэм къытхуихьа бэлыхь псори. Зи ныбэ изу шхэхэм, щыгъын зэхъуэкlзи зиlэхэм, нэгузыжь гуэр зрагъэлъагъуэм ахэр ящыщакъым. Хъусен къызыхэкlар и пщlэнтlэпс хьэлэлкlэ лажьэрэ щхэж мэкъумэшыщlэ унагъуэ къызэрыгуэкlт. Адрей и лъхъэнэгъуэхэми хуэдэу, ар пасэу унагъуэм щlэгъэкъуэн хуэхъуащ, ауэ лэжьыкlмрэ еджэныкlмрэ къыщыдэхуэ зэман кlэщlыным Балъкъ псыхъуэм куэдрэ щалъагурт. Къызыхихар ямыщlэу, а ныбжьыщlэм бжыр ерыщу идзырт. Бжы папщlэу кьиныгъэсебэпри ешьм ищlа бжагъу папщlэ кlыхьыр. Абы щыгъуэм хэт щlэнт а сабий зэштегъэукlэм Дау Хъусен и цIэр къэралми дунейми иужькlэ ину щигъэIуну?!

Сэрамакъ щыщ адыгэ щlалэм щъхьхи еши иІакъым а льагапlэм лъэIэсыпапщlэ. Пасэу спортым гу хуэзыщlа ныбжьыщlэр щlэхъуэпсыр атлетикэ псынщlэмкlэ ирагъэкlуэкl зэпеуэхэм хэтыну, бжьыпэр щиубыдыну. А зэманым къыдэкl газетхэм спортым теухуауэ щатхэр нэхъуеиншэу щlиджькlырт, дерс хуэхъун хуэзамэ къыхихпхъэтыкlырт. Школым щыщlэсам щыгъуэ и ныбжьэгъу еджакlуэкlэр къигъэдаIуэрэ бзаныныкlэ, зэдзэжьмкlэ, лъагагъым щхьэпрылъыныкlэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр Балъкъ псыхъуэм къыщызэрагъэпэщырт.

Курыт еджапlэр къиуахыу Хъусен и ныбжьэгъуэхэр щыгъуу, районми республикэми щрагъэкlуэкl зэхьэзэхуэхэм жьыджэру хэтащ. Школ нэхъым ар яГъэуващ Дзэлыкъуэ щыналъэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкlэ и Іэнатlэм и къызэгъэпэщакlуэу. Еджэным зи нэр къыхуикl щlалэр, зы илъэс нэхъ дэмыкlыу щlэтlысхьащ Тбилиси кьалэм дэт Физкультурэмкlэ институтым. Мис а илъэс хэрщ абы зыкъыщызэкъуихар.

Гъэщlэгъуэнщ институтым зэрыщlэхуа хъуари. Абы укъащтэн папщlэ, псом япэу къалъытэр спортым ущиlэ зэфlэкlырт. Атлетикэ псынщlэмкlэ экзаменым къыщыгъэлъэгъуахэм ящыщу егъэджакlуэхэм телъыджэ дыдэ ящыхъуар адыгэ щlалэм и гранатэ дзыкlэрт. Ямэ бгъэдыхьэгъуэм ар метр 96-кlэ иутlыпщри, иджыри ксах ятхам метр 20-м нэскlэ гъэщlэгъуэным ирагъэплъыну еджапlэ нэхъыщхьэм и унафэщlыр къыщрагъэблагъэм, а жьжьагъ дыдэм аргуэру Даум ныжьмкlэ Іэмал нэхъыбэ иІэн папщlэ, КъБКъУ-м егъэджакlуэу ирагъэблагъащ. Дау Хъусен, зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтым хуэдэурэ, щlэблэ хъарзынэ игъэхъэзыращ. Студент минхэр абы хуриГъэджащ икlи хуигъэсащ атлетикэ псынщlэм и Іэмал гъэзэджэхэм. Ди щlалиньэм и щlыпlэ псоми ахэр щыплъагъунущ. Къищынэмыщlауэ, СССР-м спортым и мастеру плIы игъэхьэзыращ. Нэхъ льагапlэ ин дыдэм нэсыфар Хъусен сыт щыгъуи зэрыгушхуэу щыта и гъэсэн Сухомлинов Игорщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджэу абы Европэм и кубокыр зыIэригъэхьащ, къэралым и олимп командэ къыхэхам ирагъэблагъащ икlи дунейпсо класс зиlэ спортым и мастер хъуащ.

Гуащlафlэу, емызэшу куэдрэ утыкум ита спортсмен лъэрызехьащ Даур. Ильэс 60-м щхьэдэха спортым и ветерانхэм 1996 гъэм Сочэ щрагъэкlуэкlа зэхьэзэхуэм Хъусен дыщэ, дыжьын, домбегкъ медалхэр къыщихьащ. Ильэсит1 дэкIри, ар ирагъэблагъащ ЮАР-м и Дурбан къалэм икlи атлетикэ псынщlэмкlэ абы щызэхаща ветеранхэм я дунейпсо чемпионатым ещанэ увыпlэр щыубыдащ.

Ильэс 45-кlэ Дау Хъусен щригъэджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар щlэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зыбгъэдэт Іэнатlэм хуэIэзэ щIыху теIыдыжьэт, къыдэлажьэхэми и гъэсэнхэми пщlэрэ нэмысрэ къыхуащlу. Жьыпlэну ирикъунщ ильэс 26-м щlиГъкlэ зэкlэлъхьэжьу ар кафедрэм и унафэщlу зэрыщытар.

- Хъусен гушыlэ дахэ зыхэлъ щIыхь гъуэзэджэт, ауэ лэжьыгъэм Іэхур нэса иужькlэ хуабжьу ткIий къэхъуат. Іэхъуэтегъэкlрэ жэуаплныныгъэншэрэ абы къызэрыпхуидэн щыІэтэкъым, езыри щхьэх имыщlэу, зыщымысхьажу и Іэнатlэм бгъэдэтт, - жеІэ 1979 гъэ льандэрэ Даум и къуэрыф (СССР). 2. Уэлкенсон Джон (США) ... », - жиlащ.

Бэнакlуэ цIэрыIуэу щытауэ иджы спортым хэтахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щитхьэмадэ Къуэдзокъуэ Анатолэ къызэриуэтэжымкlэ, Совет Союзым бжы дзыныкlэ щынэхъ льэщ дыдэ Лусис Янис телъыджэ щыхъуат ди лъахэгъум и ехъулIныгъэхэр икlи Тбилиси зэрыщеджэм къыхэкIыу зыхигъэгъуэща «куржы щlалэ къуэгъум» къэкIуэну дахэ иІэну хуигъэфащэрт. Пэж дыдэуи Хъусен ди гъунэгъу къуэш пэлъытэ лъпкъым теплъэкlэ ещхьт, ауэ зэи зы Іэмал къигъанэрэ тэкъым тхыдэ къулей зиlэ адыгэжэм (шэрджэсхэм) зэращыщыр къыхимыгъэщу.

Сэрмакъ къуажэжьым къыдэкlа щlалэм и фIыгъэкlэ ди къэралым и ныпыр дуней псом куэдрэ щlэтащ. Зэкъым икlи тIэукъым Совет Союзми, Европэми я утыкуэм абы бжьыпэр зэрыщиубыдар.

Тбилиси щеджэ зэманым Даур хэтащ Грузие ССР-м атлетикэ псынщlэмкlэ и командэ къыхэхам. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыгъэзэжа иужькlэ «Спартак» спорт обществэм щlэлажьащ. Абыи зэфlэкl льагэ щlиІу гумызагъэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икlи, гу къыльатэри, республикэм атлетикэ псынщlэм зыщигъэужьы-

- Сэ-щэ? Даур ар къызэрыгурыгъэгъэуэнур си адэм? - зэхэпх къудейуэ къыдрешей анэм.

- Хэт, си дуней нэху, ди пхъур зэщхьыр? - зыкъэзыщlэж хуэдэу хуэда адэр щхьэгъусэм ней-нейуэ хуоплъэкl.

- Сщlэркъым, - апхуэдэ упщlэ пэмыплъа анэр къоIуащэ.

Урыс хабзэри кавказ лъэпкъхэм къадекlуэкl нэмысри щытепщэ диалог мамырым удехьэх, узыIэпешэ. Адэкlэ къэхъунум дыпэлъэнщ. Фильмыр щагъэзащlа Іэгъуа ягъэ пщыхьэщхьэм Равшанэ ирагъэблагъащ «Вечерний Ургант» нэтыным. Абы зэрыщыжиIамкlэ, къыхуагъэфэща ролыр ямылейуэ игу ирохь, фильмри «телъыджэщ». «Ягъэ къэсым» щоджэгу актёр цIэрыIуэхэу Верник Игорь, Мартиросян Георгий (Сашэ и адэрщ), Пашков Андрей, Авдеевэ Евэ, Ноздрина Наталье, Арутюнян Карина (Сашэ и анэрщ) сымэ. Фильмым и сценарийм елэжьахэщ Милявская Натальерэ Сеславинская Иренэрэ. Режиссёрыр - Балкашинов Владимирщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Къэпкъ проектэр

Инарыкъуейрэ Курп Ипщэрэ хуэкlуэ гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

Тэрч щыналъэм щыщlадзащ Дей - Курп Ищхьэрэ - Осетие Ищхьэрэ-Алание автомобиль гъуэгум щыщ Іыхьэу Курп Ипщэ, Ищхьэрэ жылэхэм хуэкlуэр зэгъэпэщыжын. Лэжьыгъэхэр щрагъэкlуэкlынущ километри 5,85-м.

А ГЪУЭГУМ Инарыкъуейри Курп Ипщэри республикэм и къалащхьэмрэ щыналъэм и центрымрэ пещlэ.

Къапэщыт лэжьыгъэхэм хохьэ гъуэгум щыщ Іыхьэу хуэщlыныр, псы щlэжьпlэхэр хуэщlыныр, асфальт тельхьэныр, и Іуфэжэр зыхуей хуэгъэзэныр.

Гъуэгур къызэпхуэтыншэу зэрагъэпэщыжьнущ «Шынагъэншэ икlи фIагъ льагъэ зиlэ автомобиль гъуэгухэр» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуахэм тету. Лэжьыгъэ псори мы илъэсым къриубыдэу яухыну я мурадщ.

ДЖАТЭ Къаншауэ.

«Адыгэ уафэ»

● Гъуэзджэ

«Ягъэ къэсым» - араш зэреджэр Урысейм и Ягъэ каналым мы махуэхэм щIидзауэ игъэлъагъуэ, серие 12 хъу, мелодрамэ жанрым иту траха фильмым.

КИНОГЪУАЗДЖЭМРЭ жылагъуэ гъащlэмрэ лъабжьэ куу иІэу, быдэу зэпыщlауэ зы сыт щыгъуи къокlуэкl. Зы лъэпкъ щlэнэкlалъэ щащl дапщэрэ къэхъуа, «я теплъи, я фащи, я гупси» ягъэлъагъэ, уеблэмэ, апхуэдэу щымытауэ езы дыдэхэм я фIэщ мыхъужу. Арати, нэрылъагъур фIэщхъугъуеIуэ, нэгъабэ утыку къохьэ «Ди бжэIупэм» жьхуиIэ фильмыр. Роль нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр абы щегъэзащlэ узбек бзылъхьгъэ Курковэ Равшанэ. А фильмыр къежьапlэ нэху хуэхъуауэ жьытlэкlи дыщынэкъым, лъэпкъ псори зэхуэгъэдэн, дэтхэнэ зыми иІэ фIыр щIэуфауэ кьанэу, я Іейр гъэныщkIыныр гъэкlащхьэн зэрыхуейм. Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм зэуэ гъуаз хуэхъуа а кинор цIыхубзм я лъэIыкlэ етIуанэуи ягъэлъэгъуэжащ, Курковэми и вагъуэр абы къыдэунэхуауи жьыпlэ хъунущ. Иджы дэ дызыщыгуфIыкlыпхъэр...

«Ягъэ къэсым» фильмым щоджэгу адыгэ цIыхубзхэм я теплъэ зиlэ а пщащэ щхьэгъэ - Савельевэ Александрэ и ролыр егъэзащlэ. Фильмым зэрыхэтымкlэ, абы и адэр Мэзкуу бжьыпэр щызыIыгъэхэм ящыщ хьэрычэтыщlэ цIэрыIуэщ. Езыр пхъу закъуащи, «тхъур IыкIэ ез». Ауэ сыт хуэдиз мылъкум ар хамыпIыкlами, щыкlакъым, лжьыбгъэмрэ пщlэнтIэпсымрэ я уасэр ищlэу, и Іэнатlэр пэжу кьрихьэлIэу мэпсэу. Щыкlи хуэрэ? - и адэр урыс аристократ унагъуэм къыхэкlащ, ауэ анэшхуэ иІэщи, еджагъэшхуэу къэгъуэгурыкlащ, Санкт-Петербург щопсэу. Сашэ и анэр Кавказым щыщщ, пщlэрэ щхьэрэ зиlэ лъэпкъ ари къыхэкlащ. Александрэ лъэпкъитIми ирогушхуэ. Хъыджэбз къулейр щхьэгъусэ ящыну куэд къыхуэзгъэпощэ. И адэм и мылъкум щlэхъуэпсу, зэрыщымыгугъауэ щхьэхуещэу къыщlокlэ дэкIуэну псалъэ зрита Антони - абы псэуэгъуу нэгъуащ цIыхубз иІэу къыщlокlэ. Пэжыр къыщыщlэщым, щlалэр Іуегъэкlуэт, трауху хьэгъуэлIыгъуэри, арати, кьонэж.

А псом хэзымыщlыкl адэжьуэ Тимур лъэпкъым и нэхъыжьхэмрэ щlалэ къудамэхэмрэ зыщlегъури, машинэ зыкъизыхэм ису Іуэгу тохьэ, и пхъурылъу закъуэм - Сашэ - и хьэгъуэлIыгъуэм хэтыну. «Адыгэ уафэ, адыгэ щlылъэ» уэрэдыр кIыхь къоуэ, абы къыкlэлъокIуэ иджырей адыгэ уэрэдхэри. Мыхэр зэрыадыгэм щэч къытепхьэркъым. Арщхьэкlэ къыкlэлъыкlуэ сериехэм къыхэщ сюжетхэм «лезгинкэм» щытопсэлъыхь, щlалэхэм зэрахьэ щlэхэми - «Керим», «Мансур» - уагъэжакъуэ. Хэт ищlэрэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ псоми я хабзэр зыуэ зэкlалъытэу, сценаристхэмрэ режиссёрымрэ зэдзалажьауэ къыщlэкlыным хэльщ. Дауэ мыхъуми, фильмым къызэрыщlидзэр «адыгэ уафэрщ» - дыщыгуфIыкlынущ. Гъуэгу здытетым дадэм къыІэрохьэ щхьэжь щыхъуа хъыбарыр. Машинэм къокI, щlалэхэр зэхуэшэри, унагъуэм иныын хуей нэмысым, щэным ехьэлIа дерс ярет, пхъурылъхуэм къызыкlыуиха «щхьэщlыфэфIыгъэмрэ щыІэншагъэмрэ» зыкlи кьищтэркъым. Гупым къагъэзэж. Александрэ и адэ-анэри къэхъуам иронэщхьэкl.

- Сыт си анэм жесIэнур? - еубыд и щхьэр адэм.

Щlы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхагъэкlыу нэгъуэщl гупым хэгъэхьэным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№12-ПП

2021 гъэм мазаем и 8-м ***Налшык къалэ***

Бахъсэн муниципальнэ щlыналъэм и щlыпlэ администрацэм 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м №48-01/9-2897-м щlэту къигъэхьа лъэIум хэпльауэ, Урысей Федерацэм Щlым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «Щlыхэр е щlы Іыхьэ хэхахэр щатха гупым къыхагъэкlыу нэгъуэщl гупым зэрыхагъэхъэм и Іуэхукlэ» 2004 гъэм дыгъэгъабэрэ и 21-м къащта Федеральнэ закон №1172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям я пкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэещl**:

1. Кlэрыкубжьэрыу быдэхэр щызэхуахьэсын, щыщlатIэн щыпlэ щащlын папщlэ, макъумэш мыхьэнэ зиlэ щlыхэм къыхагъэкlыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевидениэм, информатикэм хуэхах щlыхэм, хьэрщ лэжьыгъэм, зыхъумэжьыныгъэм, шынагъэншагъэм щlыкъагъэсэбэп щlыхэм, нэгъуэщl мурад уб зыхуахэм хуэзэрахьэхэм зэгъэпэщlыныгъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl

МУСУКОВ Алий

2021 гъэм цIыхур псэун папщlэ нэхъ мащlэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещlыхьауэ гъэувыным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№9-ПП

2021 гъэм щIышылэм и 31-м ***Налшык къалэ***

«Урысей Федерацэм щlипсэун папщlэ цIыхур нэхъ мащlэ дыдэу зыхуейм и Іуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Закон №134-ФЗ-м, 1997 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къащтам, и 4-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм ипкъ иткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещl**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и Іьэныкъуэкlэ къащхьэщыжыныкlэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэм ипкъ иткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щlипсэун папщlэ цIыхур нэхъ мащlэ дыдэу зыхуейр 2021 гъэм ику иту сом 12576-рэ, лэжьэфыну цIыхухэм папщlэ - сом 12998-рэ, пенсионерхэм папщlэ - сом 9679-рэ, сабийхэм папщlэ - 13815-рэ хъуурэ гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl

МУСУКОВ Алий

ЧЭРИМ Марианнэ

Лы иримыкъу

Роман. Ещанэ Iыхьэ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 2020 гъэм и №№ 125 - 130-хэм, 2021 гъэм и №№2 - 4, 6, 8, 11, 12-хэм итщ).

Хъыджэбзым и гулъытэр езыхьэжьэн гуэри къыIэщIэмылъагъуэу, телефоным итыр зэIепщIыкIри пIэм хэлъщ. СурэткIи, уэрэдкIи, макъкIи къемыхъуэхъуа къэнэжакъым, нэхъ зыпэплъэ дыдэм нэмыщI. Зыпэплъэм и адэр лIащ, мэщыгъуэ.

Урысхэм телефонкIэ епсалъэмэ, я лъэпкъым епцIыжу пIэрэ адыгэ полицэхэр? Хьэмэ гур зыгъэхуэбэн зы сурэт цIыкIу къыхуригъэхьмэ? Машэ иIэххакъым адэ, езыр дунейм къытемыхьэ щIыкIэ, гъуэгум текIуэдащ. И анэм и гур зыми кIэрыпщIэжакъым абы иужькIэ. Езыри игъащIэм зы цIыхум «папэкIэ» еджакъым. Дядя Коля, дядя Гришэ, дядя, дядя... Анэм имыIа насыпыр ухыгъэм къыхутехын и гугъащ иджыри къэс. ЗэкIэ къехъулIакъым.

Укъыщалъхуа махуэм щхьэ апхуэдизу гущIэгъуншэу зызэпуплъыхьыжрэ? ЦIыхумрэ ар къэзыгъэщIамрэ зэдауэ нэхъей. «Узотыж уи гъащIэ дыщэр! Сызэбгъэхъуапсэр къызэрызумытым къызищIэм уеплъын папщIэ сыкъыщIэбгъэщIар? Ар уигу зэрыпымыкIым цIыху ныкъуэу сыкъызэригъанэр къыздэбгъуэу? Ара уи захуагъэр здынэсыр? Уи лъэкIыныгъэр зыхэзбгъэщIэну ухуеймэ, къаплъэ, сымис! Зыхуэбгъэфащэрэ уи пщылIым и къинэкIэр? ГъащIэкIэ зэджапхъэ псэукIэ мылIэIусым щIотIысыкI хъугъуэфIыгъуэхэр зыдэз си насып пхъуантэр. Закъуэныгъэм щIэлъ IэфIыр къысхуэбгъанэртэкъэ, нэгъуэщI мыхъуми! Къызумытыным сыкIэлъеIэныр натIэ къыщIысхуэпщIар къызгурыIуамэ, сызэрылъэдий джафэр сыбгъэдагъэххэт. Нэпсеягъэри уи тезыр бзыщIауэ си гум жеIэ. Хыри щIыри гум нэмысу, щIелъафэ, щIелъафэ си тхылъымпIэ кхъухьыр! Сыт щыгъуи иджыри, иджыри жысIэу илъэс дапщэ къизгъэхьэнур? Фошыгъу кIанэ ирагъэлъагъуурэ, хущхъуэ дыджыр зыIуракIэ сабийм срещхьщ - гъэныщкIугъуей защIэщ лъатэм хуэмыгъэткIуу си хулъэр зыкудар. Узыхуейр къыщыпIэрыхьэм дежи, жьэдэплъхьар уи джийм емых щIыкIэ - кумб, мащэ, щыхупIэ. Уи дэлыфэр зэтешауэ фIэкIаи узыхагъэтрэ? СрикъуакIэщ! СIыхыж гузэгъэгъуэ къызыщIэмыкIа гъащIэ жьгъейр! БлэкIами нобэми гу щысхуакIэщ. Пщэдейм сыхуейкъым! Ар унэщIэ дэзыщIей псэуакIуэ гуэрым ет. Сэ зызгъэнщIащ гугъэнрэ къэпцIэнкIэ. Си напэр тепхыну ухуеямэ, къаплъэ! Зыри сримыщIысу къызогъэхьэ си илъэс тIощIрэ бгъур».

Напэншэу сыкъигъэщIамэ нэхъыфIт-тIэ? КъащIэ уэ щхьэм къихьэхэр къыздикIыр. Сыт хуэдэбзэу пIэрэ узыгъэтхьэджэ упщIэхэм я жэуапым къызэригъазэр, къигъазэр пэжмэ? ЦIыхубзэ? Тхьэбзэ? МелыIычыбзэ? «Уэ къыспыпхыну узыхуей хьэдзэмрэ сэ пхуэзгъэтIылъа губгъуэмрэ...» - Машэ щыцIыкIум и анэшхуэм зригъаджэу щыта тхылъ лъапIэхэм я ущиекIэр и нэгу къыщIегъэхьэ. Губгъуи хади хуейтэкъым ар, Марат ишамэ. А зы хьэдзэр ирикъунут. ГубгъуэкIэ фIэкIа зызымыгъэнщIхэр цIыхушхуэхэрщ. Машэ цIыкIунитIэщ, сабий иригъаджэхэм ещхьу. Ауэ езыр къыхуейкъым! Къыхуейкъым! Иджыри илъэс дапщэкIэ пэплъэну зэи къэмылъэтэну пщэдейрей ныбгъуэм?

И анэр нэху зэрыщрэ мэпщафIэ. Дыгъуасэ лъандэм зэлIалIэ шхыныгъуэхэри яхэтщ. Хэт кърихьэлIэми, Iэнэ щхьэкIэ укIытэнукъым.

ТIощIрэ бгъу! Чыкъым, бжэгъукъым, лIыкъым, бынкъым. Нобэ щыщIэдзауэ уунэнущи - хэт и гъусэу? ЗыкIэлъыжэри сыт? Зыхуегъэзам къигъэлъеиж и лъагъуныгъэ лъэрымыхьымрэ асыхьэтым жьым ирихьэжьэж ахъшэ-бохъшэмрэ. Нэгъуэщ зыри илъкъым МараткIэ зэджэ хъуржыным. Ара-тIэ игу пымыкIыр? Ахъшэ яIыгъыху, зэгъусэу зэшым полъэщ, зэралъэкIыу зытрагъэу. Зым адрейм сурэт трех. Ар зылъагъункIи хъунухэм я нэкIэ зоплъыж. ГулъытэкIэ зэдогуашэ. Адрей псори Машэ зэджа тхылъхэр игъэпэжу къыфIэзыгъэщI нэкъыфIэщIщ. Езым къигупсысыжауэ зыщигъеиж литературэ гуращэщ. ЦIыхуитI фIыуэ щызэрымылъагъуу хъунутэкъым а дунейм. Псэлъыхъу ролри зыгуэрым игъэзэщIапхъэти, Машэ и хъыджэбзыпсэр щигъафIэ махуэхэм я зым Марат къыпэщIэзэрыхьащ. КъыхуэгуфIащ, хуэгуфIэжащ. ЩIалэр гушыIати, хъыджэбзыр дыхьэшхащ. Я деж ишэжу, и анэр иригъэцIыхуа нэужь, зэрымыщIэкIэ ежьар зыщIыпIэ нэсын хуей къыщIэкIынти, къыхуэгъэувыIэжакъым.

Дахэщ лъагъуныгъэм и дунейр, цIыхур цIыхукIэ арэзы хъуным зэрыхуэмыщIар къыщыбгурыIуэху. Дерс шынагъуэ, дерс пхъашэ, укъызыхуигъэщIа дыдэм уи нэр хуозыгъэуфIыцI дерс гууз. Аракъэ лъагъуныгъэ кхъухь псори Iуфэм нэмыс щIыкIэ хым щIыхитхьэлыхьыр?! ФIыуэ узолъагъу къыщыбжаIэм деж, уи гур чэф мэхъу. Узэщхьу къыпфIощI. Ауэ зыри, зыри зэщхькъым. Зыр нэхъ жыIэзыфIэщу аркъудейщ. «Уэ зыращ фIыуэ слъагъур. Уэращ хьэхуу зесхьэ дуней фащэр зыщысхыжа нэужь, си псэр зэкIуэлIэжыр», - жеIэ абы. Адрейм-щэ? «Уэри фIыуэ узолъагъу. Уэри сигу утехуэнущ. Хьэхуу зесхьэ дуней фащэм и зы Iуданэ уи цIэкIэ злэжьэну сыхьэзырщ».

А нэхъ гущIэгъуншэу къэпцIаращ япэу гу лъызытэр и псэм хэпщIауэ зи фIыр зыIурикухьыр кIэлъыплъакIуэ дзыхьмыщIу къызэрыбгъэдэтым. Кърихъуэныжыпхъэхэр зэрызэхуихьэсым. Псым хидзэу зы хьэдзи къызэрыхуимыхьым, зы дзэкъэгъуи къызэрыжьэдимылъхьэм, къыхупигъэткIуурэ къызэрыхуэIэфIри зэрыщIыхуэм. НэщIыбагъ гъащIэр къос. Жэуапыншэ упщIэхэр чырэ мыухыжу къожьэри, уи щхьэм гъуэгужь хъунщIакIуэ ухуащIыж. УзыкъуэмылIыкIыну къыпфIэщIа быдапIэ къомыр къызэтощащэри, укъагъэсэхыж.

Иджы «уэ»-р щиухыу «сэ»-м къыщыщIидзэр зэ Iэбэгъуэм къыбогъуэтыф. Куэд щIауэ «уэ»-жкъым ар. «Ар»! Гум щыхамэ узимыгуэгъу. Псэгъу хъу пэта мыцIыху. Жыг къауэрэ ар зытехуар щIипIытIэмэ, абдежым щыхэкIуадэ пкъым, нэгъуэщI мыхъуми, зыщIалъхьэж щIы фIыцIэр гукъеуэгъуу къыхуонэ. Сыту пIэрэ къезыгъэлыр и гу хъыринэм щыщIиупскIэ гъэфIэныр зэримыгъуауэ хамэу къызыхущIэкIам? Сыту абрагъуэ абы дэкъутэ дунейр! Армыраи къэтэджыжыгъуэ махуэм и япэ сэламыр?!

Сыту пщIыну, Машэ, цIыху псо, укъиужэгъуну хуимытрэ жэщи махуи къыббгъэдэсыныр и тезыру? И нэр къыптриубыдэмэ, угузавэу, къыптригъэкIмэ - укъытехьэу. ЦIыхум къыдалъху хэлъэтым хабзэр гулъэф щыхуэмыхъу къыхуихуакъым, щIым кIэрэхъуэн зэрыщIидзэрэ. Дамэ зритам кIэмажьэ къилъыхъуэурэ и гуращэхэр мэгъури, - псэуаи мыпсэуаи. Лъэтэным укъызэрыхуигъэщIар пхуэбзыщIыныр ара-тIэ цIыхубз гъащIэм и мыхьэнэр? Къыхуимыгъэщ Iахэм я хьэтыркIэ.

Псэуныгур пхуизых зэхущытыкIэм лъагъуныгъэкIэ уеджэнри ажалым и нэщыпхъуэхэм язщ. Гугъэншагъэм хитхьэлыхь Машэ и псэ ущхъуэнтIар къыщIэкIыжыну пIэрэ, Марат гъуэтыгъуэ ихуэху кърихъуэныж и тыгъэхэм? ИлъэсыщIэ псейм ещхьу, къиблащ дыщэхэкIыкIэ. И гущхьэ игъэуфIыцIам дахащэу толыдыкI Машэ и IуплъапIэ зэщIэпщIыпщIэр.

И анэм и гъусэу щыпсэу мы унэр илъэситI ипэкIэ къыхуищэхуат. Нэгъабэ иджы хуэдэм - машинэр. Ар езы Машэ и лъэIут. ФIыуэ къилъагъуу пIэрэтIэ, игъэгуфIэну щыфIэфIкIэ? Езыми а зы гурыфIыгъуэращ иритыфыр - адрей щIалэхэм зэратригъакIуэр, зыми зэрыхуимыгъадэр. Ар нэгъунэ кърeудэкI: «НэгъуэщIхэм я гугъу къысхуащIу зэрысфIэмыфIыр щIэх къыбгурыIуэну? ЩIэупщIэ сиIэщ жыпIэу, куэдрэ зыкъысхуэбудэну?» ПфIэфIщи, зыпхузоудэ. Уэр-уэру зыгуэр щхьэкIэ уигу хэхъуэмэ, и жагъуэ мэхъу Марат. Сэрыншэуи унасыпыфIэщ уэ, жеIэри, зыкъегъэпщ.

Псэри пкъыри елъахъэ мы фIылъагъу щIыIэмылым. Лъагъуныгъэншагъэм! Сыт пэжыр жыпIэ щIэмыхъур? ЦIыху гъунэгъу диIарэт щIыжаIэр пэж зытемылъ дунейм нэхъ тыншу зыкъыщагъэпцIэжын папщIэ? Сыхуэмейми, зыми естынукъым жиIэу, мэкъум хэтIысхьа хьэ бзаджэм ещхьу, иригъэлIыхьыпэну и дыщэ къапхъэным?

Щхьэгъусэу къысхуей, хьэмэ сызэрыхуэжыIэщIэм къыздигъэтынш къудей? - игукIэ зоупщIыж аргуэру Машэ. ТIэкIунитIэ, - зретыж жэуап. И гу быдэм къызэриутIыпщым хуэдизкIэ. Щимызакъуэфхэм деж. ПцIыщ! - макъкIэ къыхокIиикI. - Абы зыри фIыуэ илъагъуркъым. Зыгуэр фIыуэ пхуэлъагъун папщIэ, уэ езым уи гум гуапагъэрэ IэфIкIэ зигъэнщIауэ щытын хуейщ. МафIэм хъуаскIэ къызэрыпылъэлъым ещхьу, налъэ гумащIэ цIыкIуэхэр узрикIуэ гъуэгум къыщыпкIэрыщэщу. Марат гу быдэщ, гущIэгъу зэрыхэмылъри Iэджэрэ игъэунэхуащ. Сэлам къуихым щосхь, езым узэрыщыгуфIыкIым щIофыгъу, уригъэхъулIэIуа къыфIэщIу. Абы къикIыр езым и гум иджыри гулъытэкIэ зимыгъэнщIауэ аращ. Зи дыхьэшхыкIэ хьэлэлыр зыща щIалэ цIыкIум ещхьу, цIыхугум зэрызыпащIэ гукъуэпсхэр хузэпачагъэнщ и нануугъуэм. Машэ и еджакIуэхэм сыт хуэдиз яхэт и гур къыпхуимыгъэхьэжу, зыкъуашэкIын хьэзыру, нэгъуэщI сабийм уедэхащIэмэ, зэранын щIадзэу.

Гу быдэхэм Машэ хуэдэ жыIэзыфIэщхэрщ зыбгъэдагъэхьэр. КъэгъэпцIэгъуафIэхэр Iэпэм тыншу докIэрэхъуэкI. ПцIы яупсын я хьэлкъыми, жыпIэр я фIэщ уощIыф. А зи къарур зи къарууншагъым къыхэзыххэрщ езы лъагъуныгъэр щIыщыIэжыр. Нэф зыщIа гухэлъым езыхулIа псэ щхьэхуитым я нэхэр къигъэплъэжа нэужь, икIуэтахэм я лъагъуныгъэ хейм езэгъыжынукъым текIуахэм я лъагъуныгъэ сакъыр. ЦIыхум деж щыкIуэдыр ар къэзыгъэщIам дежи щIыкIуэдын? Хьэуэ! Нэхъыбэ, нэхъ лъапIэ, гурыщIэ нэхъ гъуэтыгъуей и дуней губгъуэм тезысэм IуихыжрИ нэгъуэщI гъавэщ. Гу къабзэкIэ къыббгъэдэтар уэ пхуэмыгъэпэжами, абы уи деж щимыгъуэтар езы ухыгъэм къретыж. Гухэлъым щыпсэемыблэжырщ лъагъуныгъэм и къуентхъыр зыIэрыхьэр, и псэм и IэфIым щымысхьырщ, и щхьэ ебэкъуэфырщ.

Марат фIылъагъум хилъхьэр ахъшэщи, къулыкъукIэ докIуэтей, и улахуэм хухагъахъуэ. Арами, гурэ псэкIэ зыми фIыуэ зыкъригъэлъагъуфыркъым, Маши яхэту. Мыл зыхуэмыгъэщт щIыIалъэ нэхъей, къицIыхуагъащIэхэм мылъкукIэ затрефыщIэж, ауэ гукIэ цыжьбанэм хуэдэу къуабзэжьабэщи, зыхуэпабгъэм хуэкъэплъэнэфщ. Сыт нэхъри нэхъ зэхъуапсэр и Iэгум къызэрихьэу, зэкIуэцIепIытIэри хыфIедзэж. Жьэ иIэу Iу зимыIэм ещхьщ. ФIыр зэрыфIыр уи фIэщ зыщI и псантхуэхэм зыгуэр зэрахуэчэмыр наIуэу, гу махуагъкIэ, угъурлыгъэкIэ тхьэмыщкIэщ. ИмыIэр, езым иримыкъур дэнэ къыздребгъэхынур? Ахъшэр зыгуэрым къыIэщIыбогъэкI, къэралым, цIыхухэм къафIыбодыгъу, мыхъужыххэмэ, къыболэжь. УзэщIыныгъэр ящэркъым, тетым и унафэкIэ къаутIыпщыркъым, губгъуэм щыIахыжу машинэкIэ кърагъашэркъым. Ауэ бэлыхьымрэ хьэзабымрэ тэмакъкIыхьу зышэч цIыхур езыр-езыру тохьэ абы и гъуэгум. Марат фIыкIэ къыщыгугъыурэ гуIахэр ипэкIэ мэкIуатэ, езы зызымыцIыхужыр и пIэм щоуджыхь. Маши ешащ. АфIэкIа пэплъэфынукъым.

НасыпыфIэ узымыщI зэбгъэдэтыкIэм нэгъуэщIущ еджэн зэрыхуейр. Лъагъуныгъэкъым ар. Гушхуэныгъэ зыхуримыкъу цIыхум зызыкIэрищIэ шхийщ. «КъыфIэбгъэкIыну фIэкIа сыхуейкъым!» - жиIэу, и быныр зыубэрэжь анэ бзаджэр уигу къегъэкI Марат и лъагъуныгъэ щIыкIэм. ТIум язым зэ гу лъитапхъэкъэ ахэр зыкIи зэрызэмыгуэгъум?! Е къыIэщIэкIыфыркъым, е илIыкIыркъым, е ирипсэуркъым. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыхум зэрыригъусэм егъэгушхуэ Машэ, и анэмрэ езымрэ хъума хуэдэу зыкърегъэлъытэж, итIанэми, гъащIэм хузэрихьэ гугъэ дахэхэр доужьых. Езыри хуейкъым къыдэпсэуну. «Ди чэзур къэсакъым!» - щыжиIэкIэ, ари гугъу ирегъэху аращ я зэхущытыкIэм. НэхъыфI къелъыхъуэ. Е къызэригъуэтар къыщебзыщI.

Гухэлъ насыпыфIэм удощIэращIэ, абы цIыхуфI ущIохъукI, гукъэкIыфIхэр уегъэщI. ФIыуэ укъызэралъагъум дунейр гунэс пщещIри, къыбдалъхуа фIыр зэрыщыту къеутIыпщ, цIыху нэгъэса къыпхокI. Бзум - макъкIэ, удзым - щхъуантIагъэкIэ, хьэуам - жьыбгъэкIэ узэрагъэтахъэм ещхьу, уэри гъащIэм уи цIыхугъэ Iыхьэ хэплъхьэну уохъуапсэ. Ара дыдэщ - уохъуапсэ икIи утогушхуэ! Къалэн зыщыпщIыжу, е зыгуэрым ухигъэзыхьу аракъым. Гур зэгъа нэужь, псэри абы жыIэщIэ хуохъури, пкъыр зыгуэр щыщIапэми, цIыхур дэхуэхыркъым. Мыпэрытми, къамыцIыхуххэми едэ. Уеблэмэ, зи мэ къыIурихьа дахагъэм лъэмыIэсахэр езыр зытеIэба насыпым пегъэплъэф.

Машэ-щэ? Марат телефонкIэ нэхъ мыхъуми зыкъыщыпищIэнум ежьэу, и махуэр - жэщым, и жэщыр - махуэм хохьэ. Игу къыщихьэм, тхьэмахуэм е маээм - зэ зэIущIэнущ. Машэщи - щыпэмыплъэ дакъикъэ къыхуихуэркъым. Сыпхуейкъым, ауэ икIи сыпкIэрыкIынукъым - аракъэ кърищIэм зэреджэр? ИгъащIэм гуапэу зэмыпсэлъа Андрей щхьэусыгъуэ къигъуэтыху, и удз гъэгъахэр IэплIакIуэу къыкIэлъежьыт. Зэи къэзымыгъэзэжыну щIалэгъуэм и илъэс нэхъыфI дыдэхэр зытекIуэда гукъэкIыншэм къыщалъхуа махуэм телефоныр къыхутрипIытIэныр фIэлIыгъэншагъэщ.

Зыгуэр щIэн хуейщ. Сымаджэ мыхъуауэ пIэрэ? Псэгъэхъужым деж кIуэн-тIэ, пэжу? Машэ пIэм къыхэкIри зихуэпащ. Иджыри къэс къимыгъэхъуа гуэр нобэ къемыхъулIэмэ, тIощIрэ епщIанэ илъэсым техьэфынукъым. НыбжьыщIэу зэрыщымытыжыр нобэ нэхъ лейуэ къыщIытехьэлъэри сыт?

КIэ иримыту хъунукъым мы Iуэхум, Iэпхъуэу хамэ щIыпIэ гуэрым зыщигъэкIуэдыжа пщIондэ. Езым зызыхуиумысыж щхьэ мыхъурэ - хуей Марат и «ЦIэимыIуэ». Зы, тIу, щы... И тхыгъэ къэс зытеухуар Маратщ мыбы. Уи фейдэ хэмылъу мыпхуэдиз пхуэхьахьэнукъым. Зэгуигъэпа гуэрым пщIэкIэ ирагъэтхыфэщ.

«Кристи Агатэ и детективхэм хуэдэ адыгэхэм щхьэ димыIэрэ жыфIэу, зэгуэр фигу къыхэузыкIамэ, фи гуращэм фытеIэбауэ фыбж. Къэлэрдэгу фадащэхэмрэ щхъухьзехьэхэмрэ якъуэмылIыкI къуажэ участковэ ЛIыгъум Марат зэхищIыхьахэр зэрывжетIэжу, Пуаро и хъыбархэм фащIэжеикIын щIэвдзэнущ.

Йоуэри, зи гугъу тщIы захуагъэм и набдзэм зэрыщIалэфIыр министрыщIэм и фIэщ ищIын папщIэ, лажьэ зимыIэ и адэр я гъунэгъу ефэрейм зэрызримыгъэтхьэламкIэ егъэкъуаншэри, лъэхъуэщым иредзэ. Ари фIэмащIэу, илъэскIэ исыну тезыр трырегъалъхьэ. Езым апщIондэху илъэсищ хъуауэ къыздришэкI, къыдалъагъуну имыжагъуэ, ауэ къишэну зримыпэс урыс хъыджэбзым и Iэпэр еубыдри, хы IуфэмкIэ еунэтI. И къуэм кърищIар хуэмышэчу, и адэм нэщI мазэр къызэрихьар къегъэсэбэпри, шхэн щегъэт, мыгувэу къытохуэри, малIэ.

ЛIыгъум-нэхъыщIэр и щIасэм и гъусэу Геленджик щыIэху, ЛIыгъум-нэхъыжьыр щIалъхьэну яшэж. Яшэжа щхьэкIэ, хьэдэр зейм и къуэр къалъыхъуэжыху, лажьэ имыIэу пцIы зытралъхьа тхьэмыщкIэр къызэщоужри сымаджэщым нагъэс. КIэщIу жыпIэмэ, телIыкIауэ аркъудейти, зыкъещIэж.

Полицэм хэт адыгэ псори ЛIыгъумхэ я къуэ сэхъуам хуэдэтэкъыми, апхуэдэ гущIэгъуншагъэм зэгуигъэпа щIалэхэм министрыр Iуэхур зыIут дыдэм щыгъуазэ ящI. Мазэ фIэкIа зи IэнатIэм пэрымыта а урыс щIалэ угъурлыр дызытепсэлъыхь къулыкъущIэкъум нэхърэ нэхъ адыгэлIу къыщIокIри, псори дэфтэрыбзэкIэ Iэрагъэхьэну унафэ ещI. ЛIыгъум-нэхъыжьыр иджыри сымаджэщым щIэлъщ. ПыIэм и пIэкIэ, и адэм и щхьэр езыхьэжьа ЛIыгъум-нэхъыщIэр «IэнатIэм кърит хуитыныгъэм и гъунапкъэм зэрикIамкIэ» (щитIрэ пщIейрэ еханэ тезыр) зэрагъэкъуаншэр нобэ-пщэдей хэIущIыIу хъунущ. АхъшэкIэ етхьэкъуэну, хьэмэ полицэм къыхадзыну? КъызэрытщIэу, псоми щыгъуазэ фытщIынущ».

Машэ телефоныр игъэункIыфIри, Iэнэм трилъхьащ. «Къыдалъагъуну имыжагъуэ, ауэ къишэну зримыпэс», - езы Марат итха фIэкIа пщIэнкъым, апхуэдизу Iэзэу теIэбащи а тхыгъэр Машэ и узым. Хъыджэбзым зызэхуишащ, зыгуэр хуагъэзам ещхьу. ЗэрыцIыкIуэ зызыщидзея хабзэхъумэ хьэрэмышххэм, зыужьыныгъэм хуэхей, урысыбзэкIэ псалъитI щыуагъэншэу зэпызымыщэф къуажэдэс щIэныгъэншэхэм я дунейм дауэ къызэрыхэхутар Машэ? Дэнэ дежт ар зыгъэбэлэрыгъа гъуэгугъэлъагъуэ нэпцIыр щыхэтIар? Марат и адэр псэущ, къызэрыщIэкIымкIэ. Геленджик къызэрикIыжрэ тхьэмахуэ псо дэкIащи, е «умыгузавэ, зыри къэхъуакъым», е «узыншэм, дауэ уекIуэкIрэ» - хъыбар зэгъэщIапхъэ, зыщIэупщIэн хуей цIыху къилъытэххэркъым. Машэ жыджэру зиIэтщ, хьэмэмым щIыхьэщ, псы зыдигъэжэхри, зэрыщIэкIынум хуэдэу зихуэпэн щIидзащ.

- Дэнэ уздежьар? - къоупщI и анэр.

- Члисэм.

- Тхьэ, ягъэ мыкIын! Иджы си фIэщ мэхъу зы илъэскIэ нэхъ балигъ узэрыхъуар. Сынохъуэхъу, си псэ! - Катеринэ и пхъум IэплIэ хуищIри, и нитIым кууэ хущIэплъащ, зым щыIэщIэкIар адрейм къыщиубыдыну хэт хуэдэ. - Уззрыщымыгугъауэ насыпыфIэ Тхьэм уищI, си хъыджэбз!

- Уэракъэ мыр зи махуэшхуэр, мамэ? Сэ ауэ сытми сыкърихьэлIауэ аращ. Зытхар сщIэжыркъым, ауэ: «ФIыщIэ пхузощI, укъэсцIыхуну Iэмал къызэрызэптам щхьэкIэ».

- Вознесенскэм, егъэджакIуэ! Дауэ ар зэрыпщыгъупщэнур?

- Уэ уэщхь сыхъуфмэ, гъащIэр къызэхъулIауэ къэслъытэнущ.

- Сэ [illegible]

2

Машэ члисэм макIуэ

Машэ къыщIэкIри, и «Пежо» шакъуэм итIысхьащ. Машэ щIыху зэрыс тхьэгъуэр зрилъхьэну къыщыгупщыкъым пщащэ нащхъэм, машинэм екIуу. «Уафэм пшэ телъщ», - къыдогушыIэ Марат, зигъэгусауэ гу къылъитэмэ. Уафэр и нэхърщ. ГъэгушхуэкIи ищIэ мыгъуэрэ а хэлъэтыншэм. ПфIэмыфIын гуэр къуиупцIыфынырщ фIэлIыгъэр. Уи гуапэ хъун жиIэмэ, и щхьэм удэкIуеинкIэ мэшынэ. Здырехь-тIэ мащэм игу пымыкIа псалъэ IэфIхэр, хьэпIацIэхэм яхуреIуэтэж игу фIы зэрилъар. Я напэр къабзэу зыгъэпсэуну нысашэм и чэзур илъэсищкIэ къыщымысакIэ, кIэIунэ гъэувыжыгъуэри иремыгувэ.

Члисэр къалэкIэм щыIэщ. Машэ щыцIыкIум щыгъуэ и анэшхуэм здишэу щытащ абы IутIыж махуэхэм. Ар зэрымыпсэужкрэ щIэбэкъуакъым. ЗэрызыщищIынури и нэгу къыхущIэгъэхьэркъым. Узэрыщымыту зумыщIыныр ара къыщIэкIынщ нэхъ пэжыр.

- Къеблагъэ, си хъыджэбз, - гуфIэжу къыпежьащ Машэ чыристан духьэшыхэм щамых бостей фIыцIэ кIыхьыр зыщыгъ попыр.

Машэ и щхьэм IэлъэщI щимэ цIыкIу трилъхьэри, и жьэпкъыпэ лъабжьэм щипхэжащи, и щхьэцыгъуэр къыщIощ, ауэ тхьэлъэIупIэм пщIэ зэрыхуищIыр наIуэщ.

- Си гуэныхьхэмкIэ зыкъэзумысыну сыкъэкIуащ, ди адэ лъапIэ, нобэ сыкъыщалъхуа махуэщ.

- Апхуэдэ гукъэкI зыщIыфар и гуэныхьхэм пэлъэщакIэщ. Ахэр къыпхуэгъун папщIэ зи псэр зытам зыхуэбгъэщхъыу, узэрыкъуэншамкIэ зыхуэбумысыным нэхърэ нэхъыфI пхуэщIэну укъыщалъхуа махуэм?!

- ГуэныхьэмыкIыу сопсэу, ди адэ, хэкIыпIи згъуэтыркъым.

- ЩIумыгъуэтыр гуэныхьым тещIыхьа Iуэхум арэзы укъищIынкIэ Iэмал иIэкъыми аращ. Ар щызыхэпщIэкIэ, япэ лъэбакъуэр пчакIэщ.

- Сыхуейт счыну, ауэ...

- УмыукIытэ, си псэ, жыIэ, уи щэхур мыбдежым щIэкIынукъым, ди тхьэу Хьисэ лъапIэм и хьэтыркIэ, укъамылъху щIыкIэ къыпхуэгъуащ а узыгъэгузавэхэр. И фIэщ щIы ар уи гум, къегъэлакIуэм и бийхэм уагуэувэну ухуэмеймэ.

Машэрэ Маратрэ щIызэдауэхэм щыщт а Хьисэ лъапIэм и Iуэхур.

- Пхуэтура уэ? Тхьэр цIыхум хуэукIыну? ЛIо, мыр, благъуэ хъуа уи гугъэ, упелуанмэ упэлъэщу? Ар цIыхукъым, IэпкълъэпкъиIэкъым! - жиIэрт Марат.

- ЦIыхур яукIри, тхьэ хъуащ, - икIуэтыныгутэкъым Маши.

- НтIэ, сэ сыбукIми, сыхъункIи хъунущ тхьэ, ар пэжмэ?

- Уэ уцIыху къызэрыгуэкIщ, ар къызэрыгуэкIтэкъым.

- Аращ къыбгурызгъэIуэну сызыхэтыр. Зыми емыщхь цIыху лъагэщ, лъапIэщ, абрагъуэу лъэщщ, ауэ тхьэкIэ абы уеджэну дурыскъым. Хьисэ дэ дэмыщхьыркъабзэми, цIыхут, къыбгурыIуэрэ? Нэи, пэи, Iэи, лъакъуи иIэу. Уэри уощIэ ар. Езыр-езыру уигу къэкIыр уи фIэщ пщIымэ, гуэныхь къэпхъу уи щхьэм кърауIащи аращ угупсысэн щIумыдэр. Тхьэр - цIыхукъым, цIыхур - тхьэкъым. Ар зы. ЕтIуанэрауэ, Хьисэ пэщIэмыуvауэ щIы хъурейм зы цIыхупсэ къытемынауэ сощIри, дауэт Тхьэшхуэм езым къигъэкIуар къызэрыримыгъэлынур? Абы уегупсысрэ? Дунейм цIыхуу тетыр иригъэуплIэнщIа пщIондэ, и нэбжьыц хигъэхунутэкъым абы Алыхьым.

- Сэ Алыхьракъым си фIэщ хъур, Хьисэщ, - увыIэртэкъым Маши.

- Езым сэ сы-тхьэщ жиIэу зыщIыпIэ деж ущрихьэлIа?

- Адэм срикъуэщ щыжиIэкIэ, аракъэ абы къикIыр?

- Тхьэм зэрилIыкIуэр, зэрыбегъымбарыр дахэу, шэрыуэу жиIауэ аркъудейщ. Мис а КъэгъэщIакIуэкIэ фызэджэращ Тхьэ хъужыр. Ар цIыхукъым. ЩIалэкъым икIи хъыджэбзкъым. Адэкъым икIи анэкъым. Ар нэгъуэщI зыгуэрщ, дэ ди зэхэщIыкIым къимыубыдыфыну.

- Ар щым язу аркъудейщ.

- Сытищ?

- Адэр, къуэр, псэ лъапIэр.

- Е, сыту умыкхъэмывэ уэ, сымыщIа щхьэкIэ! КъэдаIуэ! Тхьэ-адэ жыхуэпIэр - Тхьэ закъуэу дунейри, щIылъэри, цIыхури, хьэпщхупщхэри, Хьиси, Мухьэммэди, Кришни къззыгъэщIар аращ. Къуэ жыхуэпIэ Хьисэ лъапIэр бегъымбарщ, цIыхухэм цIыхубзэкIэ иригъэпсэлъэну къигъэкIуа лIыкIуэщ, дин IэщIагъэлIщ, къыбгурыIуа? Псэ лъапIэ жыхуэпIэр - ДжэбрэIил мелыIычырщ, ар фи динми дыдейми хэтщ, фэ ГавриилкIэ фоджэ. Тхьэр тхьэщ, цIыхур цIыхущ, мелыIычыр мелыIычщ, зым и псэ лIэужыгъуэр адрейм ейм ещхькъым, ещхьынкIи Iэмал иIэкъым. Кхъужьыр жэгундэкъым, мыIэрысэр балийкъым. Щапхъэ дапхъэ иджыри узыхуейр, ар къыбгурыIуэн щхьэкIэ? Псалъэм папщIэ, сэ сыхабзэхъумэщ, уэ уегъэджакIуэщ. Фи еджапIэм сынакIуэрэ, нобэ щыщIэдзауэ сэращ урысыбзэмрэ литературэмкIэ фезыгъэджэнур жысIэмэ, лIо уи еджакIуэхэм жаIэнур?

- Урааа! - жаIэнурэ щхьэгъубжэмкIэ къыдэлъынущ.

ГукъэкIыжхэр зыщхьэщихури, и жэуапым къыпэплъэу къыIурыплъыхь попым худэплъеящ Машэ:

- Илъэсищ хъуауэ щIалэ гуэр соцIыху. Адыгэщ. СыдэкIуэну сыарэзыщ, ауэ езым и чэзу къэсакъым жеIэри, нэчыхь едгъэтхыныр идэркъым. Адыгэхэр урысхэм зауэкIэ ябгъэдэтащи, укъасшэмэ, си напэр текIынущ, си лъэпкъым сепцIыж хуэдэу мэхъу, жи.

- Ар жызыIэм напэ имыIэххэу аращ. Ауэ ар зэрынапэншэр къыщIэщу аркъудеймэ, уэ уи динри уи тхьэри къэгъазэ имыIэу пфIокIуэд, мажусийм уригъусэну мурад пщIамэ.

- Мажусийкъым ар, муслъымэнщ.

- Хьисэ тхьэуэ къэзымылъытэ псори мажусийщ, си хъыджэбз. Абыхэм Iэджи къыпхуфIащIэнущ. Ар дэри догъэлъапIэ, дэри фIыуэ долъагъу, бегъымбар зэхэдз тщIыркъым, къыбжаIэнущ. Ауэ тхьэр цIыхуу къэплъытэныр мажусиигъэщ.

- ЦIыхур тхьэуэ къэплъытэныр-щэ?

- Плъагъурэ абы узригъэса псэлъэкIэр?! Насып уиIэти, уи лъэм мыбы укъихьащ. Муслъымэным узригъэувэну щытыкIэм ущыгъуазэкъыми аращ уэ абы удэкIуэну ущIэарэзыр. Иджыпсту нэчыхь къабзэкIэ къыббгъэдэтын зэримыдэр къыптохьэлъэ. А нэчыхьым епха къалэнхэр игъэзэщIэн хуежьэмэщ абы нэхъеижитIу гугъу ущригъэхьынур. Уэ узытекIуэдэжынур, уи псэм и къарур щIэзыхынур члисэми къыпхуидэнкIэ Iэмал иIэкъым. А зи гугъу пщIым дэбгъуэт быныр, нэчыхь уиIэпэми, мажусиин къэнэнукъым.

Муслъымэн диным, япэрауэ, зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ я гъащIэ псокIэ зэрыгъэпэжын хуейуэ иукъуэдийркъым. Уи лIым сытым дежи щIасэ иIэнущ, абыхэми нэчыхь ядиIэ хуэдэу, и щхьэгъусэу жиIэу, бгъэкъуэншэну ухуимыту удэпсэунущ, нэхъеижращи, и Iуэху зыIутыр къыбжимыIэххэнуи хуитщ. ЕтIуанэр сыт жыпIэмэ, и диныр къэпщтэныр къыппиубыдынущ. Ещанэрауэ, КъурIэным фызым и унафэр лIым IэщIелъхьэпэ, хъулъхугъэр бзылъхугъэм нэхърэ нэхъ лъагэу зэригъэувым ипкъ иткIэ. Ухуэхьэзыр абыхэм, си хъыджэбз? Уи щхьэкIэ узэупщIыжа: сыт а щIалэр къыщIыхэпхар? И теплъэ? И мылъку? И къулыкъу? Е къызэрыпхущытыр уигу нэсрэ? Сэ сыношхыдэу къыпфIремыщI, уэ езым зэптыжын хуей упщIэхэрщ зэрызыпхуэзгъэазэр.

- Къызэрысхущытыр сигу зэрынэмысырщ уи деж сыкъезышар. Ар сэ си къуаншагъэ гуэрым, щхьэгъусэ схуэхъунум пэжу сызэрыбгъэдэмытым къыхэкIрэ, хьэмэ си щхьэзыфIэфIагъым кърикIуа? Аращ къызгурыIуэну сызыхуейр.

- Уэ уи псэ къабзэм зыкъуигъащIэри, а лъэбакъуэ пхэнжыр умыч щIыкIэ укъэкIуащ члисэм. КъызэдаIуэ, си псэ, ущIегъуэжынущ. Дэ дунейр къутэжыхукIэ зэщхь дыхъунукъым. Илъэсищ дэнэ къэна, илъэс щэщIкIэ пцIыхуауэ щытми, и унэ уришэну и щхьэ тезымылъхьэр гъащIэ гъусэу къыпхуеинкIэ Iэмал иIэкъым. Абы уризэштегъэууэ аркъудейщ.

- Абы дин зэрихьэркъым, апхуэдиз зэригъэзахуэркъым, сэри къыспиубыдынуIакъым.

- Нэмэз зэримыщIым къикIыркъым ар мымуслъымэну. Лъэпкъыр щымуслъымэн лъэпкъкIэ, ислъамым игъэзахуэ псори я хабзэми къещтэ абыхэм, зэрыцIыкIурэ илъагъури зэсари аращ.

- «Граждан нэчыхькIэ» дызэдэпсэумэ-щэ?

- «Граждан нэчыхь» жыхуэпIэр зищIысыр пщIэрэ, си хъыджэбз? «Граждан щхьэгъусэ» пхуэхъум езым зы къалэни имыхьу, лей къыптехьэмэ, зэрыхэбгъэзыхьын зы Iэмэпсыми пIэщIэмылъу, къыптрилъхьэ уи хьэлъэрэ илъэс бжыгъэкIэ щхьэгъусэфI къызэрыпхэкIынур и фIэщ пщIыну ухэтущ узэрыдэпсэунур. Ар члисэм щIимыгъэдурысыр уэ къыпщхьэщыжын щхьэкIэщ, нэгъуэщIкъым.

- Сыт-тIэ сщIэнур?

- АфIэкIа зыбгъэдумыгъэхьэнырщ пэжыр.

- Сэ ар схузэфIэкIынукъым.

- ПхузэфIэмыкIынумэ, езым укъыфIидзэху пэплъэ, ар гувами-щIэхами къэхъунущ.

- Чыристанхэми хыфIадзэ я щхьэгъусэхэр, ар динми лъэпкъми елъытауэ си фIэщ хъуркъым.

- Зы чыристаным укъыхыфIидзэмэ, адрейм удэкIуэ мэхъу. Уи закъуэу укъэнапэми, абы щхьэкIэ уи тхьэм и щIыб къыпхуигъэзэнукъым, уи фIэщхъуныгъэри пфIэкIуэдынукъым, упсэуху тIэкIу гугъу уехьыну аркъудейщ. Хьисэ лъапIэр зи фIэщ мыхъум уи дунейми уи ахърэтми ухегъэкIыж.

- Хьисэ лъапIэр и фIэщ мэхъу абы.

- Бегъымбару къыбжиIагъэнщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, - цIыхуу. Ар гуэныхьышхуэщ.

- Сэри нэгъуэщIу къысхузыфIэгъэщIыркъым ар, ди адэ лъапIэ. КъыздэIэпыкъу. Гужьеигъуэм сиIыгъщ. Унафэ къысхуэщI, сынодэIуэнщ.

- Япэрауэ, псоми узэрыхущIегъуэжымкIэ зыкъэбумысынщ. Уэ гъуэгу къозымытыр узахуэу къызэрыплъытэрщ. ЩIалэм сишэркъым жыбоIэри уогъэкъуаншэ, удэпсэуну узэрыхуейм уи напэр итхьэщIыж уи гугъэу. ИпэжыпIэкIэ, тхьэр къызэрыпхуэмыарэзырщ абы ущIимышэр. Уи фIэщхъуныгъэр шэчым IэщIокIуэдэж. Уэ узыхапIыкIар абы зэи къыгурыIуэнукъым, уэри ар къэпцIыхуауэ къыпфIэщI щхьэкIэ, пэжкъым. Тыгъэ къыпхуищIа?

- Сыт щыгъуи къысхуещI.

- Сыт, псалъэм папщIэ?

- Сыти. Унэ къысхуищэхуащ, машинэ, дыщэхэкIхэр, ахъшэ къызет...

- Нэчыхь иригъэтхын имыдэу, а къомыр къозытам укъищэхуу аркъудейщ. Уи щIалэгъуэр икIыхущ уи пIалъэр. Уи насып кърихьэкIмэ, етIуанэ щхьэгъусэу уишэнкIи хъунщ, ари щэхуу.

- Ар фызкъэмышэщ, щхьэгъусэ иIэкъым.

- Япэрауэ, дэнэ щыпщIэр? ЕтIуанэрауэ, ар хабзэ яхуэхъуащ иджырей муслъымэн щIалэ псынщIэхэм. Адэанэм нысэу зэрамыпэсынум, езыхэми къыдалъагъуну зыхуамыгъэфащэхэм нэчыхь щэху хурагъэтхри, «япэр» ямыIэу, «етIуанэ» къашэ. Я щхьэ къагъэпцIэж апхуэдэурэ. «Ущхьэхуитщ» къыбжиIэмэ, къэбухащ абы щыгъуэми. Къэрал хабзэми укъихъумэнукъым, хьэгъуэлIыгъуи плъагъунукъым, бгъэкъуэншэни бгъуэтынукъым. Езым и пщIи и щхьи мыхъейуэ, щIалэ фызкъэмышэхэм къакIэрымыхуу, утыку зэритын унагъуэ иухуэнущ махуэ гуэрым. Бийуэ къилъытэ лъэпкъым узэрыщыщри зыщумыгъэгъупщэ. Езыр динми хабзэми егъэзахуэ, къэралым щыщщ, ищIэм хуитщ. Уэ уурысщ, учыристанщ. Лей къыптехьэкIэ, псапэ къихьу фIэкIа къыщыхъунукъым.

- Сыт-тIэ сщIэнур?

- Уигу гъэбыди, уи лъэпкъэгъум, уи динэгъум дэкIуэ. Си фIэщ хъункъым мыр зи теплъэ, зи акъыл, зи фIэщхъуныгъэ «къыздэкIуэ» къыбжезыIэн урыс щIалэ умыгъуэту. Унэ къалэнхэм уазэрыпэрыхьэу, мыхьэнэ зимыIэхэм уегупсысыну ухущIыхьэнукъым. Уи фIэщу ущIегъуэжмэ, къыпхуэмыгъун гуэныхь щыIэкъым, си хъыджэбз цIыкIу.

- СыхущIемыгъуэжыфмэ-щэ?

- ТхьэлъэIухэр щыIэщ къыбдэIэпыкъуу.

- Сыт хуэдэ?

- Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ. - Попыр зэIэбэкIри, абдеж дыдэм щыт тхылъ дэлъхьэпIэм зэрыбкIэ къэщыпа сатырхэр къызытещ напэ хужьыр къыдихауэ къоджэ:

«Уа ди Тхьэ! Уэ уощIэ си дежкIэ нэхъыфIыр, къыздэIэпыкъу. Гуэныхьым ситхьэкъуну къысхузэпумыщ. Сэ сыкъаруунщ, сыгуэныхьлыщ, си щыуагъэхэм сатумыгъэкIуэдэжыну сынолъэIу. Си бийхэм саIэщIумыгъахуэ, уэращ сызэжалIэр, ди Тхьэ! Уэращ си быдапIэри, сызыщыгугъри, фIыщIэ зыхуэсщIри, сызыщытхъури».

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

● Уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ Къуныжь Хъаждал къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

Зыми емыщхь

КъБР-м и цlыхубэ артист, уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ Къуныжь Хъаждал къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

КЪУНЫЖЬЫР Шэджэм щыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм къыщалъхуащ 1931 гъэм мазаем и 3-м. Езым къиlуэтэжауэ зэрыщытащи, уэрэд жьlэным Хьэждал дезыгъэхьэхуэр щытар и адэ Тlатlыщ. Абы уэрэдыжьхэр дахэу жиlэрт, ахэр Хьэждал и гум ириубыдэрт, апхуэдэурэ гукъэкl ищlат езым хуэфlэкlым еплъыжьину. И ныбжьэгъуэм яхэсу, гуп хэту зэпедзэкlэр къыхадзамэ, фlэфlу ядипхъытэрт. Къунжьым япэу игъэзащlахэм ящыщщ «Андемыркъан» и уэрэдыр. Зыми пимыщlу, жиlэрейуэ щытащ цlыхубэми фlыуэ яригъэлъагъуэ «Сыныпхуокlуэж» уэрэдыр...

Къунжьж Хьэждал балигъыпlэм щиувам, механизаторэу Нартан колхозым лэжьэн щыщlидзащ. Уэрэд жьlэнкъ сыт хуэдизу фlыуэ имыльагъуми, и гъащlэр а lуэхум триухуэну и гум къэкlыртэкъым. Хьэждал и гъащlэр мэкъумэшэ lэнатlэм ирипхыну къыщlэкlынт, а зэманым щыlа «Къэбэрдей» къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ гупыр Нартан къуажэм концерт ятыну кlуаеу щымытамэ, «Уэрэд, дахэу егъэзащlэ» жаlэу, гупым я унафэщlым бгъэдашауэ щыта щlалэщlэм игъэзэщlа «Сыныпхуокlуэж» уэрэдыр псоми я гум ирихьат.



Радиомрэ телевиденэмрэ къахыхьэу, уэрэд зыбжанэ иригъэтха ныжь, lэнатlэм и унафэщlхэми къагурыlуащ уэрэджыlакlуэ lэзэ, макъ телъыджэ иlэу къызэрыунэхуар. Икlи радиом едаlуэзэр щlэмычэу абы тхэрт, Хьэждал и уэрэд девгъэдаlуэ жаlэу. Гум, псэм дыхьэу абы жиlэрт пъагъуныгъэ, гущыlэ уэрэдхэри уэрэдыжьхэри. Уэрэду игъэзащlэр цыхубэм гунэс ящыхъурт, къыщlлъэlурт.

НАФIЭДЭ Мухьэмэд.

● Композиторым и псалъэ

Сыт ар цlэрыlуэ зыщlар?

Адыгэ уэрэдыжь жаlэу зэхэсхмэ, япэ дыдэу сигу къэкlыжыр Къуныжь Хьэждалщ. Нартан къыдэкlауэ Мэзан Мударрэ Хьэждалрэ сэ зыри пэсщlынутэкъым.

ХЬЭЖДАЛ щlалэщlэу уэрэд жиlэн щlидзащ. Макъамэ и lуэхукlэ ар абы хуеджауэ щытакъым. Цlыхубэм къахэкlа уэрэджыlакlуэу арат. Иджы хуэдэу куэду уэрэд жызыlэхэр дэ диlакъым. Ауэ уэ зыфlэпщыжыракъым, атlэ хъыпхужаlэрщ - Хьэждал сэ сыуэрэджыlакlуэщ жиlэу къыжьэдэлаlуэ игъащlэм зэхэсхакъым. Ар къызэрымыкlуэу цыху зэпlэзэрытт, нэхъыщlэми пщlэ хуищlыфырт.

Консерваторэм сыщlэст абы щыгъуэ. Сыкъэкlуэжауэ, радиом сыщlыхьауэ сыщыхуэзэм, къызоупщl мыпхуэдэ уи уэрэдыр жысlэ хъуну жеlэри. Мо ныбжь зиlэ, щыхуабэм фlыуэ ялъэгъуа уэрэджыlакlуэм си макъамэр зыщlэлъэ, Бахъуэ Бетlал итха «Сыт ягъэ кlын» жыхуиlэр зэригъэзэщlэну къудейр сэркlэ насыпу къэслъытэрт.

Къыхэзгъэщынут Нартан, Къулыушбийхьэблэкlэ зэрджэу щытам, Къуныжь Хьэждал и адэ Тlатlу пщlэшхуэ къыщыхуащlу, фlэлIыкl щиlэу зэрыщытар. 1992 гъэм сэ ар къызжезыlэжауэ щытар Бжэмбей Гъузберщ. Таурыхъ куэди сигъэтхыжащ абы. Бэчмырзэ и усэ «Къэрэщей и гъыбзэ» жыхуиlэр Къуныжь Тlатlу игъэзащlэрт, апхуэдэуи ар бжьамиящэ lэзэуи щытащ. Къамылым бжьамий асыхьэтым къыхищlыкlыртри, макъамэ дахэхэр къригъэжьlыфырт. Абы къикlыраци, Тlатlу талант зэрыбгъэдэлъам шэч хэлъхъым.

Хьэждал и макъыр нэхъ зыхуэкlуэу щытар лирическэ-драматическэ тенор жыхуаlэрщ. Абы и макъым и плъыфэр щабабзэу, щыкlуу апхуэдэт. Арагъэнщ Хьэждал щlэрыlуэ зыщlари.

ХЬЭIУПЭ Джабрэил.

● Лъэпкъ проектхэр



ЕджапIэм зрагъэужь

Ди республикэм зэщlыуэ щолажьэ УФ-м и Президентым и жэрдэмкlэ илъэс зыбжанэ ипэкlэ къыхалъхьауэ щыта лъэпкъ проектэр. Абыхэм ящыщ куэд хуэгъэпсащ ди щlыналъэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щэнхабзэ lэнатlэхэм адэкlи зегъэужьыным.

ЗИ ГУПЪУ тщlы lуэхугъуэхэм я щlыхьэтщ Бахьсэн районым хыхьэ Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм Къыпи Мухьэмэд и цlэр зэрихьэу дэт, Гъуэзджэмкlэ сабий школым мыгувэу къыщрахьэжьэну лэжьыгъэхэр. «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуа lуэхугъуэхэр и лъабжьэу, школым къыгуащlыхьынущ ныбжьыщlэхэр щеджэну унэщlэ. Апхуэдэуи унэжьым зэгъэпэщыжьыныгъэ лэжьыгъэхэр щекlуэкlынущ. Нобзкlэ еджапlэм и инагъыр зэрыхъур метр зэбгъуэзэнатlэ 585-рэщ. Ухуэныгъэщlэр зэфlэкlмэ, школым къыхэхуэнущ зыхуэй-зыхуэфl псомкlи къызэгъэпэща пэш lэхуитлъэхуиту 8, зэlущlэ, зэхуэс зэмылlэужьыгъуэхэр щегъэкlуэкlыным хуэщlа пэш ин, щыгъын фlэдзапlэ, зытхьэщlыпlэ тэмэмхэр. Еджапlэм и унафэщl Кlуэ Ритэ зэрыжиlэмкlэ, унэщlэм щlэтыну хъэпшап псори иджыпрей мардэхэм къезэгъыу щытынущ. Къинэмышlауэ, ахэр хуэщlауэ щытынущ зи ушынщагъэм сэкъат иlэ ныбжьыщlэ зэчиифlэхэми къызыхуэтынщэу ядэлэжьэным. А псоми текlуэнущ сом мелуан 20-м щlигъу.

Гъуэзджэмкlэ сабий школым мы зэманым ёокlуалIэ ныбжьыщlи 185-рэ. Ахэр хурагъаджэ къафэм, макъамэ lэмэпсымэхэм еуэным, сурэт щlыным, уэрэд жьlэным. Фигу къэдгъэкlыжьынщи, гъуэзджэмкlэ школыр ящыщщ зи цlэр фlыкlэ ди къэралым щlыуа апхуэдэ еджапlэхэм. Ар мызэ-мытlэу щытекlуащ урысейпсо щэнхабзэ зэхьэзэхуэхэм. И гъэсэнхэм ящыщуи ныбжьыщlи 9-м къыхуагъэфэщащ «Урысейм и ныбжьыщlэ зэчиифlэхэр» къэралпсо зэпеуэм и саугъэтхэр, абы и лауреат хъуахэу. 2018 гъэм еджапlэр щытекlуащ щытащ «УФ-м Гъуэзджэмкlэ и школ нэхъыфlэ 50» зэхьэзэхуэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Шэм хуагъадэ

Мазаем зэхъуэкlыныгъэ ягъуэтащ нобэм къэс Урысейм щызекlуа хабзэ зыбжанэм.

ИПЭ игъэщыпхъэхэм ящыщу къалъытащ махуэ хэсэ дызыхуэй хъу гъэшхэкlэр щэным теухуа мардэхэр.

Совет лъэхъэнэ жьыжьэм къыщыщlэдзауэ шэ хьэжьгъэр къыддекlуэкlащ. Ноби абы увыпlэшхуэ щеубыд ерыскъыхэкlыу ди къэралым къыщыщlагъэкlэжм, арщхэкlэ ар зыхиубыдар шэм къыщхьэщыкl, «шэжкl» жьыхуаlэ лlэужьыгъуэрт. Мазаем и 13-м къыщыщlэдзауэ щытыкlэм зихъужжаг: япэщlыкlэ ягъэгъущу, хьэжьгъэ ящlу, псыкlэ зэlахьжа шэр жэмым къыщlашагъашэм хуагъэдэнущ.

Iуэхум елэжь щlэныгъэлIэхэм къызэралъытэмкlэ, УФ-м и Таможеннэ зэгухьэныгъэм шэм бгъэдэлъын хуейуэ игъэува техникэ мардэ псори а шэ хьэжьгъэми бгъэдэлъщ. Апхуэдэу къозэгъ ар Iэфl мащlэ е мыдрей шэ дыхьэрам къыщхьэщыкl нэгъуэщl мэ гуакlуэ зэхуэмыдэжэр къыщlыхьэу гъэхьэзэрыярыр - тlум щыгъуэми ш къабзэм бгъуеиуэвнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЕджапIэм я фIыщIэр

● Жылагъуэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкlэ къыдагъэкlа «Дэ дызэкъуэтщ» урысейпсо зэщlэхъеенныгъэм зэрызыщlигъэкъуам папщlэ къэрал фэеплъ дамыгъэр иджыблагъэ хуагъэфэщащ Бэрбэч Хьэтlутlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар ираташ еджапlэм и унафэщlым и къалэнхэр пlалъэкlэ зыгъэзащlэ Алътуд Юрэ.

ГЪЭФIЭЖ пшыхьыр къызэзэгъэпщlар коронавирус уз зэрыщlалэм зыщlибгъу лъэхъэнэм зи ныбжь хэкlуэтахэмрэ узынщагъэкlэ зы Iуэху зэхуэмыхьуэхэмрэ ядэlэпыкъуныжмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэ Щlыналъэ волонтёр штабырщ, езыгъэкlуэкlар абы и унафэщl, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химиемрэ биологиемкlэ и институтым и 4-нэ курсым щеджэ Къущхьэ Залинэщ. Къэрал фэеплъ дамыгъэр Алътудым щиритым, Къущхьэм еджапlэм и администрацэмрэ медицинэ колледжым и лэжьакlуэхэмрэ фIыщlэ яхуищlащ пандемие лъэхъэнэм ирагъэкlуэкlа псэемыблэж лэжьыгъэм папщlэ.

«Мазищlкlэ зэпымыууэ зи лэжьыгъэр езыгъэкlуэкlа Щlыналъэ волонтёр штабым хэтахэм университетыр шхын пщтыркlэ къахуэбэлэрыгъаkъым, сыт щыгъуи и нэlэ кьытетащ. Университетым и егъэджакlуэхэми, лэжьакlуэхэми, еджакlуэхэми папщlэ захуэдмыгъэзами, пандемием унэм щlиубыдауэ зи ныбжьыр илъэс 65-м щlигъуа нэхъыжьхэм я ерыскъы матэр яlэрыщlэхъьэ папщlэ, я уней машинэхэмкlэ къыддэlэпыкъуащ, езыгъэри ди сыт хуэдэ lуэку къыхьыхьэнуи хьэзыр. Щlалэгъуалэм еши псэхуи яlакъым, жэщкlэ штабым щlэныгъэ зэрыгъэкlуэкlа Щlыналъэ волонтёр штабым хэтахэм университетым и егъэджакlуэ, гумрэ псэмрэ къабгъэдэкlыу псапэ щlэныжьмкlэ щlыхубэм щхьэпэ хуэхъуну къару къызэрыкъуэкlар. Псори зэхэту штабым ирихьажьа Iуэхущlафэхэм волонтёри 140-рэ хэтащ, абыхэм я нэхъыбэри университетым щеджэхэм ящыщщ. Икlи пэжщ, дэ дызэкъуэтщ, сыт щыгъуи дызэгъусэщ, аращ гугъуехьхэм дызэщlамыгъуэ ди lуэху щыдэкlынур, аращ псоми дакъыхэшу щыщlытынур», - жиlащ Алътудым.

Фэеплъ дамыгъэхэр хуагъэфэщащ Медицинэ колледжым и унафэщl Пщыбий Светланэрэ колледжым и лэжьакlуэ Кlымыхъу Иринэрэ. Ахэр дохутыр Iэщlагъэ зиlэ волонтёрхэм я лэжьыгъэм зэи тепльэкъуакlакъым, сыт щыгъуи ягъэгъуэзащ, хущхъуэ щыхуэныкъуэ, щlэгъэкъуэн щыхуей кьыхэкlмэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри, медицэнэ lуэхущlапlэхэри, хьэрычэтыщlэхэри lуэхум кьыхашащ, а щыкlэм тету абыхэм штабым и лэжьыгъэр купщlафlэ ящlащ, и мыхьэнэми зрагъэlэтащ.

Урысейм Щlалэгъуалэ lуэхухэмкlэ и агентствэм и фIыщlэ тхылъхэр ираташ университетым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ цlыхубэ зэпыщlэныгъэхэмкlэ проректорым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Геккиев Сультlан, 7-нэ студент псэупlэм и унафащl Аттаев Заур, университетым и Медицинэ колледжымрэ къэрал университетымрэ я администрацэхэм. Зэlущlэр и кlэм щынэсыи, Геккиев Заур къыхилъхьащ Щlыналъэ штабым и лэжьыгъэм жыджэру хэтахэр Iуащхьэмахуэ лъапэ драшейуэ абдеж зыщlагъэгъэпсхуну.

Фигу къэдгъэкlыжьынщи, 2020 гъэм гъатхэпэм и 20-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 15 пщlондэ щыlа пандемием и япэ къуэгъуэм ирихьалIэу «Волонтёр-дохутырхэр» зи фIэщыгъэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ волонтёр хасэхэмрэ къыхалъхьэри, Урысейпсо щlыхубэ фронтым щlигъуу **#Дэ дызэкъуэтщ** жьхуиlэ зэщlэхъеенныгъэр къызэрагъэпэщащ. Абы ипкъ иткlэ, уэрыфэ кьежьам земыгъэбгъуэнымкlэ волонтёр штабхэр къэралым псом къыщызэрыlуэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыджэру хэтахэм ящыщщ, нэхъыбэу зи гуащlэ хэзыльхьахэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Медицинэ колледжымрэ яхэтащ.

Мазищlкlэ емытlысэхьу лэжьа Щlыналъэ волонтёр штабым и лэжьыгъэр зыгъэкlуэтахэм ящыщу цlыху 81-рэ ищхьэкlэ зи гугъу тщlа «Дэ дызэкъутщ» урысейпсо зэщlэхъеенныгъэм зэрызыщlигъэкъуам папщlэ» къэрал фэеплъ дамыгъэр хуагъэфэщащ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

● ДАХ-р илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу

Хьэшыр Чылар и фэеплым деж щытщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ зэхуэсым и лIыкIуэ гуп. *Сурэтым: (сэмэгумкlэ къыщыщlэдзауэ)* **Махъсидэ Анатолэ, США-м къикlахэу Щащlэ Джаудэтэр Хьэвжокъуэ Маждэрэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ.** *Iуащхьэмахуэ лъапэ, 1991 гъэ, накъыгъэм и 23*

● Футбол

Къызытехьэлъэ яхэт?

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щlымахуэ чемпионатым и етlуанэ Iыхьэм щlидзащ. Командэхэм къапэщlылъыжыр иджыри къэс ирагъэкlуэкlам нэхърэ нэхъ машlэщ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэрыщlидзэрэ мазэрэ ныкъуэрэ дэкlауэ арами, ар къызытехьэлъэ хьуа командэхэм яхэту къыпщохьу. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыlуэнур щэбэт кlуам екlуэкlа си чэзу джэгугъуэм Налшык и «Маисэмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэмрэ къызэрыримыхьэлIар. Я хъэрхуэрэгъуу щытын хуей «Тэрчымрэ» «Iслъэмеймрэ» елъытауэ, абыхэм гъуэгуанэ лей зэпачынутэкъым ди республикэм и къалащхьэм и къыдэлъэдапlэм деж щыlэ «Дыгъафlэ къалэ» еджапlэм и стадионым къэсын папщlэ. Зэlущlэм къызэрымыкlуам къыхэкlыу ахэр 0:3-уэ къыхагъэщlауэ къалъытащ икlи я Iуэхуэгъэ турнир таблицэм нэхьыкlэж щыхъуащ.

«Маисэмрэ» «КъБКъУ»-мрэ кlэух уэвыпlэкъэр дзэыгъуэ Налшык и «Ансар»-мрэ «Спартак-Д»-мрэ абы щыгъуэм бэнэныгъэ гуащlэ ирагъэкlуэкlащ. Зэкlэ ехьулIэныгъэхэр яlакъым, топ зырызкlэ «Шэджэм-2»-мрэ «Мурбек»-мрэ къапикlуэтри, ауэ гува-щlэхами я ерыщагъым фIы гуэрхэр къахуихьын хуейщ.

Зэхьэзэхуэм и етlуанэ Iыхьэри текlуэныгъэкlэ иригъэжьащ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м. «Бабугент»-м бжьыгъэшхуэкlэ ефIэкlри, абы и пашэныгъэр нэхъри игъэбыдащ.

Бахъсэндэсхэм къакlэлъеlэ «Мурбек»-ри текlуащ. Арщхьэкlэ ар пашэм къызэрыкlэрыхур зэрыочкоилIу къэнэжащ.

Ещанэ увыпlэр зэриlыгъщ «Малка»-м. Абы и пашэ Шащlэ Беслъан иужь зэlущlэм Къэрэзэш и «Иналым» топитlщыхудигъэкlащ икlи гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ар 6 къыщыхэжаныкlащ. Шащlэм зы топкlэ къыкlэроху иджыри къэс пашэныгъэр зыlэщlэлъа «Ансар»-м и гуащlэхэу Тамаев Аланрэ «Бабугент»-м щыджэгу Глашев Алимрэ.

Аргуэру и очко бжьыгъэм зэрыхэхъуам и фIыгъэкlэ турнир таблицэм увыпlикlэ зэуэ зыщlэлъэтащ «Тэрчым».

Зэхьэзэхуэр гугъуу езыгъэжьа джьлахьстэнейдэсхэр, илъэс къэси хуэдэу, медалхэм иджыри зэрыщlэбэнынум щэч хэлъкъым.

Фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щlымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикlуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Илъэмей»** (Илъэмей) - **«Маисэ»** (Налшык) - **3:0**, «**Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **4:1**, «**Тэрч»** (Тэрч) - «**КъБКъУ»** (Налшык) - **3:0**, «**Мурбек»** (Налшык) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:1**, «**Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Бабугент»** (Бабугент) - **4:0**, «**Инал»** (Къэрэгъэш) - **«Малка»** (Малкэ) - **2:4**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **«Ансар»** (Налшык) - **1:0**, **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **1:1**.

Къыкlэлъыкlуэ джэгугъуэм «ДыдэфIэ къалэм» и стадионым щызэlущlэнущ: *щэбэтым* - «Маисэ» - «Шэрэдж», «КъБКъУ» - «Шэджэм-2», «Бабугент» - «Кэнжэ», «Шагъдий» - «Автозапчасть», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Мурбек»; *тхьэмахуэм* - «Ансар» - «Инал», «Спартак-Д» - «Тэрч», «Малка» - «Iслъэмей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ 2021 гъэм и щlымахуэ чемпионатыр зэрекlуэкlыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	8	7	1	0	22-3	22
2. «Мурбек»	8	6	0	2	18-6	18
3. «Малка»	8	5	1	2	20-16	16
4. «Тэрч»	8	4	3	1	15-7	15
5. «Шэрэдж»	8	4	2	2	12-11	14
6. «Кэнжэ»	8	4	0	4	14-11	12
7. «Инал»	8	3	3	2	14-11	12
8. «Бабугент»	8	3	3	2	18-16	12
9. «Шэджэм-2»	8	3	3	2	14-11	11
10. «Илъэмей»	8	3	1	4	11-12	10
11. «Шагъдий»	8	2	4	2	12-10	10
12. «ХьэтIохъущыкъуей»	8	2	2	4	9-20	8
13. «Спартак-Д»	8	2	1	5	7-9	7
14. «Маисэ»	8	2	0	6	11-20	6
15. «Ансар»	8	1	1	6	11-24	4
16. «КъБКъУ»	8	1	0	7	9-27	3

● ЩIыуэпс

Мэзхэр къагъэщIэрэщIэж

«ЩIыуэпс» лъэпкъ проектым хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщlэнущ «Мэзхэр хьэмэн» щlынальэ программэр.

АБы и кьалэн нэхъыщхьэр жыгъуу ираупщlыкlым хуэдиз хэсэжыныр. 2024 гъэм нэсыху ди мэзхэм зы щlыпlэ Iэнэщl къэмынэу къэрэщlэрэщlэжьын хуейуэ щытщ. Экологием дежкlэ мыхьэнэ ин зиlэ мы Iуэхум 2020 гъэм къэрал бюджетым сом мелуан 43-м щlигъу кьыхагъэкlащ. Абы щыщу мэзхэр къагъэщlэрэщlэжьыным сом мелуани 8,84-рэ, мэзхэр мафlэсым щызыхъумэхэр зыхуеину техникэхэмрэ lэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщыным - сом мелуан 34-рэ, мэз хозяйствэхэр зыхуеинухэр ахуэхущэхуным сом мелуан 0,73-рэ текlуэдэнущ.

Проектым ипкъ иткlэ мэз мафlэсхэм зэрыпэщlэтыну техникэу 11, lэмэпсымэ зэмылlэужьыгъуэу 148-рэ, мэз хозяйствэхэм папщlэ оборудованэу 66-рэ къащэхуащ. Илъэс блэкlам къриубыдэу ди республикэм гектари 102-м жыгыщlэхэр щыхасащ. ЯIэ мэз гектар 50-м нэсым жыгхэр щыкlэщlасэжащ, агротехникэ лэжьыгъэхэр егупъуу къащырахьэлIащ гектар 1378-м.

Ди республикэм и мэз хозяйствэхэм пком хуэмыдэру гулъытэ ин хуащl мэзхэр зэрагъэбгъуэжьыну жыгыщlэ цыкlухэр щагъэжьауэ хьэсэхэм. Нобзкlэ абыхэм гектар мини 2-м щlигъу яубыд.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкlэмыхъуМаринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Марина (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элэ (ахуэп зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщlэныджэЗамирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; ахуэп зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядолжьэныжьмкlэ - 42-60-53; зэшышагъэр хъумэныжьмрэ экологиемкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмкlэ - 42-22-88; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щlэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокlи (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, БэсэнIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкlэмыхъуМаринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жанnapэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер lэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 1.908 ●Заказ №303